

MINISTERE DE DE LA FOI ET DE LA VIE

«Gutegura abarongozi b’amashengero mw’isi»

UGUHAGARARIRA AMASHENGERO KW’ABARONGOZI

Igikoresho c’inyigisho

Umubumbe# 1

«Gufasha abarongozi b’amashengero guhagararira ibango Imana yabahamagariye kurongora»



©2010,2006,2002, by Barry Voss

Faith Life Ministries, Inc

INTANGAMARARA

Iki cigwa categuriwe gufasha abungere bakora akazi mu mashengero n'abarongozi b' ibikorwa bari n'ububasha bgo guhagararira no kurongora ibikorwa mu biro. Amashure menshi ya Bibiliya n'amaseminari arigisha abungere n'abarongozi igikorwa c'ugusigura n'ukwigisha no kuvuga ubutumwa, ariko ntatanga inyigisho uko bakwiye guhagararira ibikorwa. Kubera ko abungere n'abarongozi benshi bibasaba kwigisha abantu guhagararira imirimo yabo no guhagararira ishengero n'inyigisho, iki cirwa ni ingirakamaro ku bikorwa bahamagariwe gukora mu mashengero yabo no mu biro.

Umwanditsi w'iki gitabo yarigishije abarongozi b'ibikorwa kuva mu mwaka wa 1996. Iki cirwa catowe mu gihe yariko arakorana akazi n'abungere mu bihugu bitandukanye kw'isi; mu kubona ko uburongozi bwabo atari bwiza; vyari ibintu bigoye kubigisha. Kubera ko abungere n'abarongozi benshi b'ibikorwa mu mahanga atar'atera imbere, ata nyigisho zihagije bafise zo guhagararira ibikorwa vyabo, Ministère de la foi et de la vie yarateguye izi nyigisho kugira zifashe abungere n'abarongozi guhagararira ibikorwa vyabo.

Inyigisho z'iki gitabo zateguwe nk'urufatiro kugira ngo zoroherenze ugutahura n'ukwigisha inzira y'ubu kristo. Izi nyigisho muzirungikiwe mu nzira nziza no kwizera Mpwemu Yera, ibizovamwo bizoba ibikomeye kandi vyame n'ivyamwa vyiza vy'Ubwami bw'Imana.

@ 2010, 2006, 2002 na Barry Voss, Ministère de la foi et de la vie, Inc.

Ibintu vyose vyarabitswe. Nta hantu na hamwe bitangirwa. Bibitswe ahantu hatamenwa, nta gufata amajwi mu mashini iyari yo yose ata ruhusa rw'umwanditsi, kiretse uruhusha rwa Jumuiya y'America

Kubiraba Ministère de la Foi et de la Vie

Ministère de la Foi et de la Vie yatanguye ahitwa i Mnamo mu kwezi kwa mbere k'umwaka wa 2001 na Barry Voss na Kim Star Voss aho yatanga inyigisho z'ibikorwa vya gikristo ku barongozi b'isi yose. Yagize umuhamagaro n'ishaka ryo kubona abantu bakira Kristo no kubashitsa ku bweranda mu guha inyigisho abantu b'Imana ; Cane cane izi nyigisho z'ubu bgoko ntiziboneka mu buryo bgoroshe, kuko agaciro kazo karazimvye. Barigisha abungere n'abarongozi imiyabaga, abana n'imirwi y'abantu bakuze, hamwe n'amahanga ya kure na kure ishimikiro ryabo kw'ari ukugira uburongozi bg'igikorwa n'ubumenyi. Hambavu yo gukora ibikorane, bari bajejwe gutegura inyigisho no guhimiriza abakristo kuba mu buzima bg'ukwizera.

Mu bihe vya kera, Kim yari umwigisha wo kwigisha abana mu rusengeru rwa Shepherd Church hariya Alphretta, GA aho yafashije abana n'abakuze mu kiringo c'imyaka itanu ; kandi yarigeze gukora akazi mu kiringo c'imyaka cumi n'itanu nk'umukuru wa Soci  t   ihingura ibikoresho vyo guteka, imiringoti n'ibindi hambavu y'amahinguriro manini. Barry yahawe akazi mu gikorwa ca Ministère de la Foi et de la Vie amaze imyaka mirongo ibiri ahagarariye urudandazwa. Agahagararira amiga, hamwe n'umurwi w'abagabo. Kim na Barry bubakanye imyaka mirongo itatu n'itanu bafise abana 2 bakuze.

UGUSHIMA

Nagomba kubashimira cane bivuye Ku Mana ko twashobojwe gukora kino gikorwa mu kuduha ivyerekanywe no gukora kino gitabo co kwigishirizamwo. Kandi twashaka kubashimira Ken Jacques, Daryl Hoh, Doming, Orprecio, Ayub Khayo na Ken David Quispirroca ku mfashanyo baduhaye kw'izi nyigisho.

UGUHAGARARIRA AMASHENGERO KW'ABARONGOZI

UMUBUMBE WA 1

IBIRIMWO

IKIGABANE CA MBERE:

Igihimba ca 1 :

Igihimba ca 2 :

Igihimba ca 3 :

Igihimba ca 4 :

UGUHAGARARIRA IBANGO

Uburongozi bw' ibango

Kuba umurongozi wa Bibiliya

Uburyo bg'ukurongora

Ugutez'imbere abarongozi

IKIGABANE CA KABIRI:

Igihimba ca 5 :

Igihimba ca 6 :

Igihimba ca 7 :

Igihimba ca 8 :

UGUHAGARARIRA ABANTU

Ingabire za Mpwemu

Uguhagararira abantu

Ugutatura amatati

Kugira abigishwa

IKIGABANE CA GATATU :

Igihimba ca 9 :

Igihimba ca 10:

Igihimba ca 11:

Igihimba ca 12 :

UGUHAGARARIRA UBUTUNZI

Integuro irashe

Uguhagararira amafaranga

Ugukoresha umwanya

Uguhagararira amakuru.

Ikigabane ca mbere
UGUHAGARARIRA IBANGO



Igihimba ca mbere

UBURONGOZI BG'IBANGO

“Muragire ubusho bg’Imana bgo muri mwebge, mutaburagira nk’abagoberewe ariko mubikunze nk’uko Imana igomba, ntimuburagirishwe no kurondera inyungu mbi ariko muburagire mushize igikonyo. Kandi ntimuragire nk’abatwaza amanyama amasho mwagabanganirijwe ariko mube ivyitegerezo vy’ubusho. Nuko umwungere mukuru niyerekanwa muzokwambikwa mu mitwe igitsibo c’ubgiza kitazoshira” (1 Petero 5:2-4)

Uburongozi bwiza n’ubg’akamaro ku murongozi wese n’ishengero. Bitabaye uko, umurongozi wese abona ko bigoye kurongora igikorwa, kandi akabibgira n’abo arongoye mw’ishengero. Uburongozi ni ububasha bg’umuntu atanga ku bandi mu kubakarira kugira ngw’ashike ku ntumbero. Muri iki gihimba turaraba ibice bitanu vy’ubuhagarikizi bgiza mu gikorwa.

Ikibazo: Ni ibimenyetso ibihe bimenyekanisha umurongozi?

Inyishu: **Abishura?**

- ✓ Ata muntu agukurikiye, wewe nturi umurongozi.
Ingingo zitanu ngirakamaro z’umurongozi (ubuhagarikizi) ubgiza bg’ igikorwa.

I. Abarongozi bakoresha ukwumvisha kwabo si ugukoresha inguvu bafise

Yohana 10:2-4

“Ariko uca mw’irembo niwe mwungere w’intama. Umuteramyi w’irembo aramwugururira kandi intama zumva ijwi ryiwe ahamagara iziwe ntama mu mazina yazo akaziturutsa. Kandi iy’amaze guturutsa iziwe zose azija imbere zikamukurikira kuko zizi ijwi ryiwe”

- Uburongozi ni ukwumvisha
 1. Bigusaba kubabgiriza neza mu kubumvisha.
 2. Uzobumvisha ukwizera n’ ukwubaha bagenzawe
 3. Uburongozi ni ubushobozi bgo kwumvisha kuzana abandi kugukurikira ata gahato.
- Ububasha: ni ubushobozi
 1. Bivuye muri kazindutsi(dictionnaire) ubushobozi ni ukwumvisha canke ukwerekana icyumviro canke ingeso
 2. Ubushobozi wahawe n’Imana.

“Umuntu wese n’agamburikire abamuganza kuko ata kuganza kutava ku Mana, ukuriho kwagezwe n’Imana” **Abaroma 13: 1**

3. Ubushobozi buza kuri kirya mwumvikanye kuri kirya gihe, si ivyo uba wiyumviriye ubgo nyene.
4. Ububasha ni ubushobozi bgo kwiyumvira ico wahisemwo.
 - Tuzohitamwo ububasha bgacu?
 - Kwigisha

“Abibutse kugamburukira abakuru n’abafise ubushobozi no kubumvira no kwitegurira igikorwa ciza cose.”

“Abo turi kumwe bose baragutasha. Untahirize abo dukunda dusangiye ukwizera. Ubuntu bubane namwe mwese”. **Tito 2: 1, 15**

- Mu gukora

“Muragire ubusho bg’Imana bgo muri mwebge mutaburagira nk’abagoberewe, ariko mubikunze, nk’ukw’Imana igomba ntimuburagirishwe no kurondera inyungu mbi, ariko muburagire mushize igikonyo ” **1 Petero 5:2**

- ❖ Ni vyiza kurongora igihe cose ukoresheje ukwumvisha mu gihe c’ububasha bgawe.
 - Ukoresheje ukwumvisha abantu bazoshaka kugukurikira
 - Ukoresheje inguvu zawe, abantu bazogukurikira.
- Mugabo uzobatakaza,
- Hazobaho n’abatakwemera;

2. Abarongozi baba bafise ivyerekanywe (visions)

Imigani: 29:18

“Iyo hatari uguhishurirwa abantu bigira uko bagomba ariko uwitondera ivyagezwe aba ahiriwe”

1. Umurongozi ategerezwa kumenya iyo ariko araja
2. Ata jambo mw’ishengero, ntimuba mufise iyo muriko muraja
 - Ivyerekanywe vyerekana iyo uriko uraja
 - Birerekana i bgina mu kuri no mu ntumbero y’ishengero
3. Ivyerekanywe birerekana intumbero n’ukwizera mu gikorwa
 - Ukwizera kwawe n’intumbero yawe biragufasha gushitsa ibikorwa
 - Ico ushaka kuba canke gukora
 - Ubgoko bg’ ivyerekanywe
 - 1) Kwubaka ishengero mu gihe c’amezi cumi n’abiri
 - 2) Gutangura kwegeranya abakene baje hamwe
 - 3) Gutangura ishule rya Bibiliya ryo gushikana abantu kuri Kristo tugiye hamwe.
 - 4) Gushikana abantu ibihumbi cumi mu gakiza.

4. Ivyerekanywe bifasha ishengero gushika ku ntumbero yaryo

- Ivyerekanywe wahawe n’Imana ntivyoroshe kwiyumvira mu bgenge bgacu
Yohana 15:5
“Ni jewe muzabibu namwe muri amashami, uguma muri jewe nanje nkaguma muri we, uwo niwe yama cane kukw’ataco mubasha gukora mutamfise”
- Nivyiza kw’ishengero ryorondera umurongozi avuye ku Mana. **Matayo 19:26**
“Yesu arabitegereza arababgira ati: kubg’abantu ico ntigishoboka ariko ku Mana vyose birashoboka” Amen

❖ Ivyerekanywe biratandukana n’inkuru za kera

- Amakuru arerekana ivyo ukora ariko ntiyerekana iyo uriko uraja.

Ukuntu wobandanya mu vyerekanywe

Intambuko ya 1: Seng’Imana ikurongore, iguhishurire

- Seng’Imana ikwereke uko igiye kugukoresha
- Baza Imana ico wokora.

Intambuko ya 2: Agura ivyiyumviro

- Ntuze wishingire akarimbi bivuye kuco ufise
- Senga Imana iguhe ico cose wifuza

Intambuko ya 3: Vugana n’abarongozi ku bijanye n’iterambere

Intambuko ya 4: Andika ivyerekanywe ufatiye ku zindi nzira

- Ugire umwanya wo gusenga no kwiyumvira
- Baza bagenzi bawe baguhe impanuro

Intambuko ya 5: Senga uhitwemo mu vyerekanywe wiyumvira ko Imana yaguhamagariye

Intumbero ya 6: Vuga kubiraba ivyerekanywe

- Kwubaka no kwumvisha abantu
- Gutanga intumbero n’ukwerekana kwiza ku bagukurikira

3) Abarongozi bafise imigambi

Imigani 16:3

“Uremeke Uhoraho ibikorwa vyawe niho imigabo yawe izokomera”

- a) Umurongozi agira imigambi kugira ngo ashitse ivyerekanywe.
 - Ata migambi birashoboka kudashika ku vyerekanywe
 - Ivyerekanywe birakwereka uko wokora imigambi no kubungabunga ubutunzi.
 - Umurongozi ntashobora kwiyumvira gutegura ikintu adafise ivyerekanywe
- b) Umurongozi ahagararira ubutunzi yahawe n'Imana
 - Imana iha abarongozi ubutunzi kugira ngo babukoreshe*
 - Imana itanga ubutunzi kugira ngo tubukoreshe neza
 - Imana yitega ivyamwa vyiza ku butunzi yaduhaye
- c) Igikorwa c'umurongozi n'ugutegura ibikorwa n'imigambi bizokorwa
 - Birakwiye ko umurongozi akora neza imigambi yiwe
 - Imigambi myiza ifasha umurongozi gukora ibintu vyiza bibereye.
 - Imigambi myiza ikingira kudakoresha nabi ubutunzi twahawe n'Imana

4) **Umurongozi arateza imbere abantu.**

Luka 9:1-2: “Abakoranya bamwe cumi na babiri abaha ubushobozi n'ububasha ku badaimoni bose no gukiza indwara. Abatuma kubarira abantu ivy'ubgami bg'Imana no gukiza abarwayi”

- a) Umurongozi agira abantu kuba abigishwa ubwa mbere. **Matayo 28:19-20**
 - Kwigisha no gusigura ijambo
 - Bigishe kwumvira
- b) Abarongozi batanga inyigisho n'ibikoresho bijanye n'igikorwa
 - Abarongozi barigisha kumenya gukoresha ingabire y'umuntu uwari we wese
 - Kwumvisha abantu kwiyumvamwo igikorwa.
- c) Abarongozi baratora kandi bagatez'imbere n'abandi barongozi
 - Ukuntu woduza ingabire zabo
 - Ugutez'imbere igikorwa
 - Abarongozi uko bongerekana n'iko n'imitima ihindagurika

5) **Umurongozi atumbera ivyamwa**

Abaroma 14:12: “Nuko rero umuntu were muri twebw azobazwa n'Imana ivyo yakoze”

- a) Umurongozi yitwararika gushitsa intumbero no kuronka ivyamwa
 - Umurongozi yitwararika ibihe vyose mu vyiyumviro vyiwe ivyerekanywe
 - Umurongozi asuzumira kuvyo yaronse.
- b) Abarongozi baraba umugabane uraba ivyabo vyabonetse.
 - Umurongozi arabira ubutunzi bwiwe mu ruhanda ruzana ivyamwa vyinshi
 - Umurongozi avavanura n'igikorwa kitazana ivyamwa
- c) Abarongozi bamenya ko ibikorwa vyinshi bidasigura amaronko
 - Umurongozi asuzuma akamaro k'ibikorwa bitandukanye bivuye ku vyabonetse
 - Umurongozi afata igikorwa akurikije ivyerekanywe

Luka 10:38-42 “Maze bariko baragenda bashika ku muhana : umugore yitwa Marita aramwakira amushikiza mu nzu yiwe. Uwo yarafise mwene nyina yitwa Mariya yicara imbere y’ibirenge vy’umwami Yesu yumva ijambo ryiwe. Ariko Marita ahagarika umutima kuzimana vyinshi, aramwegera aramubarira ati: “Mugenzi ntibikubabaje ko mwene mama yantereranye ibikorwa, nuko mubarire amfashe. Umwami Yesu aramwishura ati:” Marita uriganyira wigora muri vyinshi: ariko ibikwiye rwose ni kimwe: kuko Mariya ahisemwo umugabane mwiza atazokwaka”.

(Iki canditswe kiratwerekako Marita yariyungunganiye mu kazi ariko Mariya yahagaze ku nyishu).

AMAKURU MAKURU MAKURU& N'IVYEREKANYWE

1. Andika kandi uvuge amakuru (Imana iguhamagara ngo uyikorere iki?)

.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....

2. Andika kandi uvuge ibijanye n'ivyerekanywe (mbega Imana yaduhaye intumbero iyihe mu gikorwa ngo tugishitse?)

.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....

**Ubutumwa bgo kuvuga ni ngombwa ngo bugire urugezo bwaho bugarukira

Igihimba ca kabiri

KUBA UMURONGOZI WA BIBILIYA

“Ariko mweho mugira mut” umuntu wese abgira Se canke Nyina ati ico nari kugufashisha nico nzoshikanira Imana ntiyubahe Se canke Nyina.

None mwatituye ijambo ry’Imana kubw’imigenzo yanyu, mwa ndyarya mwe, Yesaya yavuze neza ivyo yavugishijwe n’Imana kuri mwebwe ati abantu banyubahishije iminwa yabo ariko imitima yabo iri kure yanje” **Yohana 15: 5-8**

Iyo turongoye abandi mu gukurikiza amabwirizwa ya Bibiliya n’iryo jambo ry’akamaro umurongozi akwiye kwizera. Kubera ivyo nico gituma Yesu yaje kutwigisha. Naho vyoba biboneka ko Atari ivy’akamaro kuri twebwe , dukurikize inzira z’Imana ntudukurikize inzira zacu ubwacu, tuzoba dukoze igikorwa ciza cane. Turashobora kuba dufise ubushobozi bwinshi mu burongozi ariko niba ishimikiro ritari mw’ijambo ry’Imana, turashobora kurongora abantu mu nzira atariyo.

Muri kino gihimba harimwo ibice cumi vya Bibiliya bivuga ivy’uburongozi n’ibibazo bahura navyo mu burongozi bw’uno musu .

1. INTANGAMARARA

Mbega intumbero y’umurongozi w’abakristo n’iyihe?

Si.....abitabira igikorwa c’Imana ari benshi no guhanuza. Ariko Ni.....kubona Kristo ahindura abandi

“Kandi ntiyagabanuka ko ukwizera yitegereje umubiri wiwe umaze kuba akaheze kuko yari amaze nk’imyaka ijana y’amavuka yiwe na Sara yari yaraciye” **Abagalatiya 4:19**

Itandukaniro ry’uburongozi bwa Kristo n’ubw’abandi barongozi n’irihe?

Wewe aramenya yuko “Ni jewe muzabibu namwe muri amashami. Uguma muri jewe nanje nkaguma muri we, uwo niwe yama cane kuko ataco mubasha gukora mutamfise” **Yohana 15:5**

II. Ibiranga uburongozi

Ugushirwa hejuru kw’umurongozi: umurongozi mwiza ashirwa hejuru n’uko agenda neza muri vya bice cumi vya Bibiliya

1. Umurongozi mwiza ategerezwa kuba Uwerekwa
«Ahatagira ukwerekwa abantu barahona» **Imigani 29:18**
 - Bigusaba kuba ufise intumbero
 - Bigusaba kubgira abantu mu buryo bashobora kwitabira mu vyerekanywe

Akarorero: “Mose yakiriye ivyerekanywe biva ku Mana biciye mu gisaka caka umuriro”
Kuvayo 3

2. Umurongozi mwiza ategerezwa..... kuvuga ubutumwa bujanye n’igikorwa.

“Maze abwira abigishwa biwe ati: ivyimbura ni vyinshi ariko abimbuzi nibo bake. Nuko ni mwingiye nyen” ivyimbura arungike abimbuzi mu vyimbura vyawe.”

Matayo 9:37-38

- Utumbere gushikira abatizera
- Witeho abarongozi n’abigishwa bipfuzaga ubungere

Akarorero: Paulo (yagize ingendo z’umu misiyoneri – ibikorwa)

3. Umurongozi mwiza ategerezwa umuhamagaro “Nuko none mushitse no kubikora kugira ngo nkuko mwakunze kuvyemera abe ari ko mubishitsa ku vyo mufise” **2 abakorinto 8: 11**

- Utegerezwa kwitaho igikorwa cawe
- Utegerezwa kwitanga kugira ngo ushike ku co wiyemeje

Akarorero: Stefano (yaritanze mu gikorwa- **ivyakozwe n’intumwa 7**)

4. Umurongozi mwiza ategerezwa kurongorwa na Mpwemu Yera “ Ariko muzohabwa ubushobozi Mpwemu Yera ni yabazako muzoba ivyabona vyo kunshingira intahe i Yerusalemu n’i Yudaya hose n’i Samariya no gushitsa ku mpera y’isi „” **Ivyakoze 1:8.**

- Ureke Mpwemu Yera abe ari we akurongora
- Ukomeze kugendana n’Imana mwatanguranye- Mpwemu Yera

Akarorero: Daniyeli_(ntiyigeze atakaza ukwizera kwiwe – **Daniyeli 6**)

5. Umurongozi mwiza ategerezwakuba umukozi w’Imana “ Muri mwebwe siko biri. Ariko uwugomba kuba mukuru muri mwebwe aze abe umukozi wanyu kandi uwugomba kuba uw’imbere abe umuja wanyu. Nkuko umwana w’umuntu atazanywe no gukorerwa atari gukorera abandi no gutanga ubugingo bwiwe kw’incungu ya benshi.” **Matayo 20:26-27**

- Umurongozi yahamagariwe gukorera abanyeshengero biwe ntiyahamagariwe gukorerwa
- Umurongozi mwiza afasha abanyeshengero biwe gukura mu vya Mpwemu no gutera imbere .

Akarorero: Yesu (yogeye ibirenge vy’abigishwa biwe.) **Yohana 13**

6. Umurongozi mwiza ni ngombwa ngo abeumukerebutsi “Bene data jeha kubwanje sinibwira yuko maze kugifata ariko ico nkora n’iki kimwe gusa,

nihagira ibiri inyuma nshigikira ibiri imbere. Mbandaniriza gushika aho dutanguranirwa ku mpera y’umuhamagaro w’Imana muri Kristo Yesu wo kuja mw’ijuru” **Abifilipi 3:13-14**

- Ntiwishire mu bibazo bitajanye n’ivyerekanywe canke amakuru yawe
- Ntiwemerere satani ko akuzimiza. **Nehemiya 6**

Akarorero: Nehemiya 6 (yatumbereye kwubaka (gusanura)uruzitiro rw’i Yerusalemu)

7. Umurongozi mwiza ariyemera (arinda canke atinyuka) “Maze Mose ahamagara Yosuwu aramubarira imbere y’ abisirayeli bese ati ushikame ushire amanga kuko ari wewe uzojana aba bantu mu gihugu Uhoraho yarahiye ba sogokuruza kw’azokibaha. Ni wewe uzokibashikiriza. Uhoraho niwe azokujya imbere azobana nawe, ntazoguheba ntazoguta, ntutinye nturanduke umutima” **Gusubira mu vyagezwe 31:7-8**

- Umurongozi ahitamwo intambuko z’ukwizera kwiwe.
- Umurongozi yitegura gushira hejuru igikorwa ciwe
- Imana iragushikiriza ikongera ikaguha n’inguvu zo gukora igikorwa

Akarorero: Dawidi (intambara yiwe na Goliyati-1 **Sam 17**)

8. Umurongozi mwiza ategerezwa kuba umuntu..... w’umwizigirwa
“Wizigire Uhoraho n’umutima wawe wose kandi ntiwishimikiza ubenge bg’iwawe”
Imigani 3:5

- Umurongozi mwiza ashira ivyizigiro vyawe ku Mana kuko niyo yo kwizigirwa vy’ukuri.
- Umurongozi mwiza yizera Imana naho mu buzima vyoba vyahindutse.

Akarorero: Aburahamu (Yatanze umwana wiwe Isaka kw’ikimazi-Itanguriro 22)

9. Umurongozi mwiza ategerezwa.....kwitegura

- Ukwitegura kuzana ukwitanga
Ukwifadikanya igice kimwe kw’ijana no kwitegura ibice mirongo icenda n’icenda kw’ijana. “Uvuge ijamba ry’Imana uhore ugavye mu gihe gikwiye no mu kidakwiye, uhane wihanize uhanure mu kwihangana kwose no mu kwigisha ” **2 Timoteyo 4:2**.

Akarorero: Yosefu (Yahisemwo kwihanganira ubutame- **Itangariro 41**)

10. Umurongozi mwiza ategerezwa gukoresha inguvu

ziriho... ..gushakisha “Twame dukora ivyiza ntiducobogore kuko igihe ni cashika tuzokwimbura ni tutarambirwa. Nuko rero iyo turonse uburyo tugirire neza bese cane cane abo mu nzu y’abizera” **Galatiya 6: 9-10**

- Nezererwa umusi (koresha akanya Imana yaguhaye uyu musi)
- Ugire ubwenge mu kumenya no gukoresha imyanya waronse

Akarorero: Esiteri (Yarokoye ubgoko bgabo ngo ntiburandurwe –**Esiteri 4**)

II. **IBIBAZO ABARONGOZI BAHURA NAVYO**

“Mbere abagomba bose kugenda bubaha Imana bari muri Yesu Kristo bazohamwa”

2 Timoteye 3:12

- A.** Mu vy’ukuri umurongozi wese ari imbere ategerezwa
 1. Kugira ubgitonzi
 2. Kuba umunyakuri
 3. Kumenya gufata ingingo
- B.** Umuntu wese ntazokwemeranya nawe
 1. Witegure ko bazohakana ingingo wafashe
 2. Abantu baraba ibintu mu buryo butandukanye mu gihe habaye ikibazo runaka
 3. Ube witeguye guhagararira ingingo wafashe ukoresheje ivyandistwe Atari gukoresha ivyiyumviro vyawe.
- C.** Biroroshe gutsinda abakurwanya hama ugatsinda intambara
 1. Ntuze utakaze ivyerekanywe vyawe waronse mu gihe ca kera kandi ntuze utakaze intumbero yawe mu mwanya muto.
 2. Uhagararire igikorwa cawe nkuko wagihawe
 3. Ntuze wigere uta igikorwa cawe nkuko wagihawe.

**UMWIMENYEREZO
UKWIKUNDA NK'UMURONGOZI**

Ugusobanura: shira ikimenyetso ku cishimo cose ukurikije aya majambo akurikira
1= rimwe na rimwe 2= mu wundi mwanya 3= mu mwanya ku mwanya 4=
nkuko bisanzwe 5= ibihe vyose

ICISHIMO

- I. Uwerekwa
- II. Ubutumwa bujanye n'igikorwa
- III. Ukwiyumvamwo
- IV. Kurongorwa na Mpwemu yera
- V. Umukozi
- VI. Uw'intumbero n'amakuru
- VII. Ukwiyemera
- VIII. Ukwizera
- IX. Ukwitegura
- X. Gukoresha inguvu

Ikimenyetso

-
-
-
-
-
-
-
-
-
-
-

Vyose hamwe

.....

Vyose hamwe : Bisigura

- 40+ ubumenyi bwinshi bg'umurongozi Imana ishobora kugukoresha
- 30-39 urashobora kuba umurongozi ariko nta bushobozi ufise bgo gukora
neza
- 20-29 Umwanya ku mwanya wasizweho kuba umurongozi ufise uduce duharuye two
kwiteza imbere.
- 10-19 Amateka y'uburongozi afise intege nke ntaco ashoboye, inyigisho
nyakuri ntizigira urufatiro
- 0-9 Nturemezwa kuba umurongozi. Rondera inyigisho nyinshi canke ikindi
Gikorwa

IGIHIMBA CA GATATU

Uburyo bw'abarongozi

“Kandi yahaye bamwe kuba intumwa, abandi kuba abavugishwa nawe, abandi kuvuga ubutumwa bgiza, abandi kuba abungere n’abigisha: kugira ngw’abera babone gutungana baheze bakore igikorwa co kugabura ivy’Imana, bubake umubiri wa Kristo”

Efeso 4:11-12

Imana yahamagaye umurongozi wese bivanye n’ubushobozi Imana yamuhaye. Ariko abantu b’Imana mu gikorwa co kwubaka umubiri wa Kristo, umuntu atandukanye n’uwundi mu burongozi. Ku mushinge w’uburongozi turarongora, tugahagararira ibikorwa, tugatwara bivanye n’ubuntu, n’ingabire n’ukumenyera. Mu buzima bg’ibikorwa bitandukanye, uburyo bw’uburongozi dukoresha turashobora gushika ku nyishu nziza; kuri twebge canke kuri bariya; turashobora no gushika ku nyishu mbi. Kumenya uburyo bw’abantu canke kumenya uburyo bw’abarongozi bagenzi bacu biducira inzira nini n’ubuhinga mu gukoresha uburongozi bgacu butandukanye. Muri iki gihimba turaraba uburyo bune bw’uburongozi n’ukuntu bushobora gukoresha neza cane.

I. Uburyo bg’uburongozi n’ubuhe?

Hari uburyo bune bg’uburongozi, bivanye na George Barna mu gitabo ciwe “A fish out of water”(integrity publishers 2002)

1. Umurongozi yerekwa

- Uyu murongozi niwe mushinge w’iyerekwa
- Uyu murongozi afata nka nkama ivyerekanywe, si inzira ikoresha mu kuzimagiza ivyerekanywe.

2. Umurongozi w’imigambi

- Uyu murongozi akunda kurobanura no kuraba ibgina
- Uyu murongozi akunda gutez’imbere no kuba afise
(Imigambi ijanye n’ivyerekanywe)

3. Umurongozi wo kwubaka umurwi (groupe)

- Uyu murongozi ashira imbere kwiyumvana mwo
- Uyu murongozi arazana abantu hamwe kugira ashitse isezerano

4. Umurongozi agendesha ibikorwa

- Umurongozi yegeranya abantu akoresheje ivyerekanywe
- Uyu murongozi akunda kwubaka no gukurikirana ibizovamwo

II. Guhitamwo uburyo bw'uburongozi bwawe

UBURYO BWAWE BW' UBURONGOZI N'UBUHE?

Ibikurikira bijanye n'ibifatana n'ingeso z'uburongozi umuntu wese n'asome yihweze hanyuma amenye uburyo bw'uburongozi bwiwe, koresha amajambo akurikira aragufasha kumenya uburyo bw'uburongozi urimwo.

Ivyerekanywe vyawe ubi bike neza mu kwizera.

Nta na rimwe gake mu wundi mwanya kenshi na kenshi nkuko bisanzwe Ibihe vyose

0 1 2 3 4 5

- 1.....Jewe ndaremesha abari mu murwi kwiyumvira ingingo n'ivyiyumviro vyabo
- 2.....Iwanje nta kintu c'akamaro nko gushika ku ntumbero
- 3.....kwubaha no kubungabunga n'ijambo nshira imbere cane
4.Jewe ndakurikirana umwanya mu bukerebutsi mu gikorwa canje kugira ngo gikorwe mu mwanya ukwiye.
- 5.....Ndanezererwa no guha inyigisho nshasha n'ibikorwa abantu mu mahoro
- 6.....Iyo igikorwa kimaze kubamwo ingorane kintera gukanguka.
- 7.....Abandi bantu bagira umutima wo kwiyumvira ibikorwa vyabo
8.iyo mpagarariye umugambi ukomeye nshimikira ku kintu kinini na gitoyi
9.Ndanezerwa no gusoma ibinyamakuru, ibitabu bijanye n'inyigisho z'uburongozi na psychologie na gufata nka nkama ivyo nasomye.
- 10.....Ndashobora kwiyumvira ibikorwa bitoroshe mu mwanya umwe.
- 11.....Iyo mpinduye amakosa y'abandi ndatinya guta mu rudubi ubumwe
- 12.....Nkoresha umwanya wanje nkuko bikwiye
- 13.....ndanezerwa no kwereka abantu banje ibice bigoye vy'igikorwa.
- 14.....Kugabura imirwi minini minini mu duce duto duto kugira ngo duhagararirwe neza.
- 15.....Ndakunda kwubaka umurwi ntamenwa n'ukwubaka ubumwe mu murwi
- 16.....Ndanezerwa no kumenya ingorane.
- 17.....Ndirinda kurengana akarimbi ka mugenzanje
- 18.....Ndanezerwa no gusoma ibinyamakuru n'ibitabu bijanye n'ibikorwa no gushikiriza ingingo nshasha nize.
- 19.....Ndanezerwa kwubaka abandi no gushira hejuru ibikorwa vyabo
- 20.....Ndanezerwa n'ibikorwa vyo kwitegura mu migambi.

Uruhande rw'ibimenyetso

Imbere yo kuheza kwishura ibibazo, andika inyishu yawe mu kibanza casizwe

ABANTU

Ikibazo

1.
3.
5.
7.
9.
11.
13.
15.
17.
19.

Vyose hamwe.....
(gabura inyishu na cumi
hanyuma gwiza na kabiri)

ikimenyesto

IGIKORWA

Ikibazo

- 2.....
- 4.....
- 6.....
- 8.....
- 10.....
- 12.....
- 14.....
- 16.....
- 18.....
- 20.....

Vyose hamwe.....
(gabura inyishu na cumi
hanyuma gwiza na kabiri)

ikimenyesto.....

Uruhande rw'ibivuyemwo

Raba ikimenyetso cawe ca nyuma kiri kuri ico gicapo kiri musu ushireko ikimenyetso ku bantu bawe bivanye n'ivyo ushoboye. Hanyuma capura imirongo ibiri ihagaze kugeza ihure. Ahantu iyo mirongo ibiri ihurira nibgo buryo bg'uburongozi bgawe.

Abantu	9	Kwubaka	
	8	Umurwi	Imigambi
	7		
	6		
	5		
	4		
	3	Ukwerekwa	Kurongora
	2		
	1		
		1 2 3 4 5 6 7 8 9	
		Igikorwa	

III. GUKORESHA UBURYO BW'UBURONGOZI

1. Bivanye na Georges Barna, Umurongozi wese akoresha uburyo bumwe muri bga burongozi bune. Bivanye n'ubgo burongozi bgose bugira uburyo bumwe
2. Buzungurutswe n'uburongozi bg'ibikorwa bitandukanye
 - Barahanahana ivyiyumviro bitandu kanye
 - Baratanga n'amajambo atandukanye

“Umuntu anezerwa ukwishura kw'akanwa kiwe, kandi ijambo riziye mu gihe kibereye, ewe ukuntu ari ryiza” **imigani 15:22**
3. Rongora bijanye n'ingeso zawe nziza Atari mu ntege nke
“Nuko dufise ingabire zitandukanye nkukw'ubuntu twahawe butandukana: namba twarahawe kuvugishwa n'Imana tuvugishwa nayo nkukw'ukwizera kwacu kungana canke namba twarahawe igikorwa co mw'ishengero tugishishikare canke umwigisha ashishikare kwigisha ata kinubge, uganza aganzanye umwete, ugira imbabazi azigire anezerewe” **abaroma 12:6-8**
4. Menya ko uburongozi bgawe buzoboneka mu vyo uhura navyo
 - Uburyo bukuru bg'uburongozi burashobora kutagira intumbero mu buryo bgose
 - Menya ko igikorwa c'uburongozi kimaze kubonekana ku rugero kanaka kw'ari ciza

UBURORERO:

1. Kugira intumbero nshasha y'igikorwa=vyerekana intambuko y'uburongozi (intambuko ku yindi)
2. Shigikira igikorwa cawe gishasha=uburongozi bg'igikorwa (mu gihe imigambi y'amatora iba ikenewe)
3. Mu gihe co gutatura ingorane mu gikorwa cawe-uburongozi bgubakira ku kuvugana(mu gihe ushaka gukora ikintu n'abantu)
 - Ukoreshe ubuhinga mu gikorwa cawe-Uburongozi ni ubutwari (mu gihe bikenewe)
 - Rekurira uwundi murongozi mu murwi w'igikorwa arongore
 - Sigarana uburongozi bukuru
 - Gabura akazi, canke ibikorwa bikenewe ku barongozi b'imirwi
5. Gukoresha uburyo budakenewe, mu burongozi Bizana ingorane.
 - Uburongozi bgawe bashobora kubwanka
 - Uratakaza ubgizigirwa
 - Urashobora gutera ingorane bidakenewe
 - Igikorwa kirashobora gusambuka canke kuzungazunga

UMWIMENYEREZO W'UBURYO BG'UBURONGOZI

Insiguro : kubijanye n'uruhande rw'ibubantu andika hasi mu buryo bw'ukuri ushobora gukoresha canke gukora. (kwerekana igikorwa, kwubaka ubumwe, kuyobora-gutwara)

Ukw'ibintu biri	Uburyo bw'uburongozi uzokoresha
1. Wahawe ordinateur mw'ishengero uriyumvira inzira nziza yo kuyikoreha	
2. Watanguye igikorwa ciza co gushikira abantu mw'ibohero ariko ntushaka gukoresha uburyo bivanye n'uburongozi mw'ishengero	
3. Umurwi w'amiga n'uguhimbaza waje kurega umurongozi wabo ku murongozi mukuru	
4. Urazi neza ko ushoboye gushikira umurwi urongoye ariko ntuzi uburongozi bgiza bg'ico gikorwa	
5. Urashaka kwimura ishengero ryawe ng'uje aho waronse ikibanza kinini	
6. Abantu bamwe baridoga ku bijanye n'amiga bashaka wiyumvire gukora ibintu bitandukanye	
7. Igikorwa c'abana carananiwe gushika ku ntumbero n'igitigiri c'abana kikaba caragabanutse	
8. Abantu batanguye guhunga ishengero ryawe no kuja mu yandi mashengero y'ababanyi	
9. Irindi shengero mu gisagara ryagusavye uruhusha rwo gukoresha urusengero rwawe	
10 .Ufise ingorane y'urusaku mw'ishengero ryawe	

Igihimba ca kane
GUTEZA IMBERE ABARONGOZI

“Uhoraho yishura Mose ati: Jana Yosua mwene Nuni umuntu arimwo Mpwemu umurambikeko ibiganza. Umuhagarike imbere ya Eliyazari umuherezi n’imbere y’ishengero ryose umushikirize igikorwa imbere yabo. Kandi umukebere ku cubahiro cawe kugira ngw’ishengero ry’abisirayeli rihore rimwumwira” **Guharura 27:18-20**

Uburongozi bg’ishengero canke bg’igikorwa ni igikorwa kinini co gushitsa ico Imana yaduhamagariye. Twiyumvira kw’igikorwa c’uburongozi ko gikenewe mu gikorwa cose kugira ngo turongore neza,ariko tudashobojwe n’Imana ntitwoshobora. Ntibishoboka ko worongora igikorane, ukagi hagararira neza nkuko bikenewe, bisaba ko twiyumvira abandi bantu bafise ico bo dufasha kugirango dufashanye. N’ukuvuga ko bidusaba kumenya abandi bantu bafise ubushobozi mu burongozi barongore, bakore bahagararire igikorwa mu bushobozi nkuko Mose yasize amaboko yiwe hejuru ya Yosua, na wewe bigusaba kumenya ubundi burongozi buri muri Mpwemu; bushobora gukora igikorwa mu kibanza cawe, musiy’ubushobozi bgawe. Muri iki gice, turaraba uburongozi ngirakamaro no gushira hejuru uburongozi no kumenya.

I. Umurongozi ni iki?

Turavye muri Bibiliya : Umurongozi

1. Urazi ibimuranga canke umutima wiwe muri Kristo (**2 Abakorinto 5:15-21**)
 - a) Urazi ko twese turi igikorwa ca Kristo (**1 Petero 2:9**)
 - b) Yatwambitse inkomezi ziwe (**Abanyefeso 1:18-20 & 3:14-20**)
 - c) Twese dufise akamaro ku mubiri wa Kristo (**1 Abikorinto 12:27**)

2. Uratahura ku bijanye n’ingabire ya Mpwemu Yera
 - a) Umuntu wese yahawe ingabire za Mpwemu Yera (**1 Abakorinto 12:27**)
 - b) Twese twarahamagariwe gukoresha ingabire twahawe (**Efeso 4:11-13**)
 - c) Umurongozi afise igikorwa co kubgiriza abarongozi gukoresha ingabire zabo (**2 Timoteyo 2:2**)

3. Baramenya ko akazi kabo ari kuba umunyu n’umuco (**Matayo 5:13-16**)
 - a) Dutegerezwa kubgiriza dukurikije imico yacu.
 - b) Twebge tube ivyitegererezo **1 Tesalonika 1:7**
 - c) Turi intumwa za Kristo **2 Abakorinto 5:20**

4. Yitanze gutanguza igikorwa co kuvuga ubutumwa (**ivyakozwe 1:8**)
no kutugira intumwa ziwe **Matayo 28:19**

II. Ni kubera iki ari vyiza gutez'imbere abarongozi

1. Uko niko ubgani bg'Imana bumeze

- Yesu yarigishije ingingo z'uguteranya ibikorwa biciye mu bigishwa biwe
 - Yesu yatoye abarongozi bo kwubaka ishengero ryiwe ngaha mw'isi
 - Yesu yabahaye inyigisho no kubagira abigishwa
 - Yarababgiye ngo "Genda muhindure amahanga kuba abigishwa banje" **Matayo 28:19**
- Yesu ntiyubatswe ishengero wenyene.

"Nkuko Data yantumye namwe ndabatumye, genda mukore ico gikorwa" **Yohana 20:21**

- Paulo yaragiye ku rugendo rw'ubumisiyoneri
- Abigishwa n'abamukurikiye batangije amashengero
- Ishengero ni umubiri umwe, umuntu wese afise igikorwa ciwe. "None mwebwe muri umubiri wa Kristo, umwe muri mwebwe afise igikorwa ciwe; **1abakorinto 12:27**

2. Imana izokwongera igikorwa cawe

- Iragushoboza nk'umurongozi kwagura/gukwiragiza igikorwa cawe no kurongora abantu benshi, uhanuje abandi barongozi bakora ico gikorwa
 - Igikorwa cawe kiraba ciza kikamenyekana cane
 - Igikorwa cawe kizoshikira abantu benshi
- Izogufasha kurushiriza gukora cane mu bubangutsi no mu mwanya muto.
 - Ntibishoboka gukora ibikorwa bibiri mu gihe kimwe
 - Ntibishoboka gukora ibintu vyose mu mwanya umwe.

"Bamwe cumi na babiri bakoranye ishengero ry'abigishwa, bati ntibibereye yuko twebwe turekera ijamba ry'Imana kugaburisha ivyo ku meza" **Ivyakoz 6:2**

- Imiryango izokwuguruka canke ntiyuguruke canke kuyikurikirana
 - Ico gihe ubona kw'abarongozi bafise ingabire zitandukanya zo gufashanya
 - Abarongozi ubona bafise ishaka ritandukanye n'ibintu bakunda bidasa

3. Urashobozwa na Mpwemu Yera gukora igikorwa mw'ishengero

- Mpwemu Yera arakora igikorwa biciye mu bantu bose si ku mwungere gusa, kuko na twebwe nyene turi abaherezi bizera.

"Kuko muri Mpwemu umwe ariho twabatijwe ngo tube umubiri umwe naho boba abayuda canke abagiriki, naho boba abagurano canke abidegemvya kandi twese twanyweshejwe mu Mpwemu umwe" **1abakorinto 12:13**

- Mpwemu Yera aha inguvu abanyeshengero bose
 - "Ariko muzohabga ubushobozi Mpwemu Yera niyabazako muzoba ivyabona vyo kunshingira intahe i Yudaya hose, n'i Samariya no gushitsa ku mpera y'isi"

4. Ubuhinga bg'igikorwa canke ukugwa bivana n'uburongozi canke Mpwemu Yera
 - Bibiliya ni uburongozi bushimikira ku gikorwa, utabikurikije ntushobora gushika ku ntumbero.
 - Abarongozi beza bashobora kujana igikorwa neza.
 - Abarongozi babi bashobora kwonona igikorwa kikononekara.
 - Mpwemu Yera ni we bushobozi bg'ibintu vyose
 - Twebge turi abakunzi b'ijuru "Nuko uzitera ataco amaze canke uwuziromera Atari Imana ikuza" **1Abakorinto 3:7**
 - Inguvu zacu ziva ku Mana, Mpwemu Yera
« Hatari jewe, ntimwoshobora gukora ikintu icari co cose »
Yohana 15:5

III. UKO WOMENYA INGENE ABANDI BARONGOZI BAMEZE

1. Ibimenyetso vyerekana umurongozi ahagaze neza

- a) Abarongozi bafise ingeso nziza " Nuko umuzezwashengero akwiriye kutabako umugayo, kandi akwiye kuba umugabo afise umugore umwe gusa abe atarenza urugero, abe adahugumba, aganza ingeso ziwe akunda gutanga indaro, afise ubgence bgo kwigisha" **1 Timoteyo 3:2-3**

b) Abantu bafise ukwizera

"Kandi ntakwiye kuba umuntu muto mu kwizera kugira ngo ntiiyikakishe ngw'atembere agacirwa kw'iteka wa murwanizi yaciriweko" **1Timoteyo 3:6**

"Ariko bagumye ibanga ry'ukwizera bafise imitima itari mw'ijwi ribagiriza ikibi" **1Timoteyo 3:9**

c) Abantu buzuye Mpwemu Yera

"Nuko bene Data ni murabe muri mwebge abantu indwi bashimwa, buzuye Mpwemu Yera n'ubgence tubashire kuri iki gikorwa" **Ivyak 6:3**

2. Ibisabwa ku murongozi n'ibitavuzwe muri Bibiliya birashobora gukora

- Ubumenyi
 - Umutima w'umurongozi ku babanyi
 - Uburambe mu bikorwa
- Aya majambo ni ingirakamaro ku mutima ariko ntabe ishimikiro kuri twebge mu gihe c'amatora y'abarongozi

3. Ugutora abantu bafise ishaka

- Tora abantu bafise ishaka
- Tora abantu bafise uburambe mu kwigisha
- Tora abantu bazigama ingabire bahawe na Mpwemu Yera

IV. WOTEZ'IMBERE GUTE ABANDI BARONGOZI (Matayo 10)

Intambuko ya 1: Bagire abigishwa

- Impanuro yo ku ndwi ku ndwi
- Bareshe ku majambo n'ibikorwa
- Ubaka ku kwizera kwabo
- Bategure(mu nyigisho z'uburongozi)

Intambuko ya 2: Bagaburire ibikorwa (**Raba Matayo 10:1**)

- Bahe igisata c'ukurongora canke guhagararira
- Bafashe kwiyumvira ibikorwa
- Ubaka ukwizera kwabo ubgawe

Intumbuko ya 3: Babgire ivyo utegura gushikako

- Shira intumbero ahabona hanyuma ubafashe kubandanya imigambi y'uburongozi
- Baterere ivyiyumviro

Intumbuko ya 4: Gukora (**Raba Matayo 10:32-33**)

- Itegere kuraba ko bazoshika ku ntumbero
- Hariho ingorane, ntubafashe gutatura amatati, bareke bayatature bonyene.
- Bahe impanuro ikenewe
- Bareke baze iwawe bafise umwumvikano

Intumbuko ya 5: Iyumvire ukw'itez'imbere kwabo ku mwanya ku mwanya.

- Hura nabo ku mwanya ku mwanya kuvugana ku bibazo n'ingorane zabo bafise
- Ntubareke ngo bakore bonyene kandi ntibishiremwo intege nke
- Bereke ishaka n'ivyo wize kugira ngo bashike ku ntumbero.

Intumbuko ya 6: Bahe ukwidegemvya mu gikorwa

- Bafise ukwidegemvya mu gikorwa, ntubugarire
- Bahe ibikorwa barongore
- Barungike baje ku bikorwa

UMWIMENYEREZO WO GUTEZA IMBERE ABARONGOZI

Hambavu y'uruhande rw'uburongozi andika ingabire za Mpwemu Yera wiyumvira z'ingirakamaro hamwe n'ubumenyi canke uburambe wiyumvira by'ingirakamaro kuri urwo rundi ruhande

Uruhande rw'igikorwa	Ingabire za Mpwemu	Ubumenyi/Uburambe
1. Umwungere		
2. Umurongozi w'ikoraniro		
3. Umurongozi w'abana		
4. Umurongozi w'urwaruka		
5. Umujenama w'ishengero		
6. Umwalimu		
7. Umuvugabutumwa		
8. Umumisiyoneri		
9. Umubitsi w'amafaranga		
10. Umurongozi w'abasenzi		

IKIGABANE CA 2
UGUHAGARARIRA ABANTU



Igihimba ca 5

INGABIRE ZA MPWEMU

«Yamara, umuntu wese ahabga ikimwerekana ko Mpwemu kugira ngo bigire ikimazi. Ariko ivyo vyose uwo Mpwemu umwe niwe abikorera muri bo, agabira umuntu wese ukw'agomba»

1 Abikorinto 12 :7,11.

Bibiliya iravugaga ko umukristo wese yahawe ingabire ya Mpwemu yo gukoresha mu kwubaka Umubiri wa Kristo. Ariko mbega n'izihe ingabire za Mpwemu ? Mbega nico kimwe n'ubumenyi canke italanto zacu ? Mbega tumenya gute ingabire za Mpwemu dufise ? Kandi ni gute tumenya ni ryari kandi ni gute tuzikoresha ? ivyo ni ibibazo abakristo benshi babaza mu gihe hageze ugutahura igikorwa cabo mw'ishengero canke umubiri wa Kristo. Nk'umurongozi ni ngombga kuri wewe kutamenya gusa ingabire yawe bgite ariko kandi n'ingabire z'abandi kugira nawe ubarongore mu bisata vy'ibango aho Imana ishobora kubakoresha kurushiriza. Muri kino gihimba, tuzoraba ingabire icarico ; ni kuki ari ngombga kandi ni gute zishobora gukoreshwa zigashika ku bgami bikwiriye. Tuzoteganya kandi igikoresho c'ugusuzuma mu gufasha kurangura ico ingabire yawe ya Mpwemu ishobora kuba.

1. Ingabire za Mpwemu n'izihe ?

- Ingabire za Mpwemu ni ubgo bubangutsi Mpwemu yera atanga ku bakurikira Kristo mu kubambika kubg'ibango.

1° Izo ngabire zitangwa ngo zigire ikimazi rusangi. «Yamara umuntu wese ahabga ikimwerekana ko Mpwemu kugira ngo bigire ikimazi» **1 Abakorinto 12:7**»

2° Izo ngabire zitangwa nkuko Mpwemu Yera abigeze

«Azibaha umuntu wese ukw'agomba **1 Abakorinto 12:11**

3° Izo ngabire zitangwa nkuko bikenewe.

- Ingabire za Mpwemu ziciyemwo imice itatu mikuru.

1. Ingabire z'ibango – zifatana n'umuhamagaro w'akazi

2. Ingabire zikora – gukorera abandi

3. Ingabire z'ubuntu – ukwiyerekana kw'ingabire hamwe n'ubushobozi

- Bibiliya idonda ingabire 21 z'ibonekana

1. Ibango

- Intumwa, umuvugishwa, umuvugabutumwa, umwungere, n'umwigisha.

«Kandi yahaye bamwe kuba intumwa, abandi kuba abavugishwa nawe, abandi kuvuga ubutumwa bgiza, abandi kuba abungere n'abigishwa» **Efeso 4:11**

2. Izikora

- Igikorwa, ukuremesha, ugutanga, uburongozi, imbabazi, ugufasha, ugutegeka.

« Canke namba twarahawe igikorwa co mw'ishengero tugishishikare canke uwigisha ashishikare kwigisha, canke ahanura ashishikare guhanura, ugira Ubuntu abugire ata kinubge, uganza aganzanye umwete, ugira imbabazi azigire anezerewe». **Abaroma 12:7-8**

« Kandi Imana yabanje gushira mw'ishengero bamwe kuba intumwa, maz'aba kabiri ibashira kuba abavugishwa, nayo, maz'aba gatatu, ibashiraho kuba abigisha maz'ishiraho abakora ibitangaza, maz'ishiraho abahawe ingabire zo zo gukiza indwara, n'abahawe gufasha abandi, n'abahawe kurongora, n'abahawe kuvuga indimi nyishi.» **1 Abikorinto 12:28**

3. Iz'ubuntu

Ubgenge, ubumenyi, ugutandukanya ibintu, ubuvugishwa indimi, ugusobanura indimi, ukwizera, ugukiza indwara, ibitangaza.

«Kuk'umwe aheshwa na Mpwemu ijambo ry'ubgenge, uwundi agaheshwa n'uwo Mpwemu ijambo ryo kumenya, uwundi agaheshwa n'uwo Mpwemu ukwizera, uwundi agaheshwa n'uwo Mpwemu umwe ingabire zo gukiza indwara, uwundi agahabga gukora ibitangaza, uwundi agabga kuvugishwa n'Imana, uwundi agahabga kurobanura impwemu, uwundi agahabga kuvuga indimi nyinshi ,uwundi agahabwa gusobanura indimi » **1 Abikorinto 12:8-10**»

**Hariho izindi ngabire za Mpwemu zivugwa muri Bibiliya ariko izi nizo zirangwa mw'isezerano Risha.

II. Ni kuki ingabire za Mpwemu ari ngombwa ?

- Kwuzuzanya intumbero y'Imana n'umugambi w'ikiremwa muntu.

«Imana nyen'Amahoro ... ibatunganye rwose mu ciza cose kugira ngo mukore ivy'igomba »**Abaheb 13:20-21**

- Gutegurira abantu b'Imana kuja ku bikorwa

«gutegura abantu b'Imana kuja ku bikorwa kugira ng'umubiri wa Kristo wubahwe.»**Abanyefeso 4:12**

- Gushika k'ukunengesera kw'ivy'ya Mpwemu.

«kugezaho twese tuzoshikira ku kugiriranira ubumwe buva ku kwizera n'ukumenya Umwana w'Imana kandi kugezaho tuzoshikira kuba abantu bakuze.»**Abanyefeso 4:13**

- Kwunga umubiri wa Kristo

«Namwe muri umubiri wa Kristo kand'umuntu wese wo muri mwebge n'ururingo rwawo.»**1 Abakorinto 12:27**

III. Ni gute ingabire za Mpwemu zitegerezwa gukoreshwa kandi zigakora?

- Kwubaka ishengero

«Namwe n'uko, kuko mwifuzza ivya Mpwemu, kuremesha ishengero kuba arikwo gutuma mugomba kurushiriza»**1 Abakorinto 14:12**»

- Gukorera abandi

«Nk'uk'umuntu wese yagabiwe ingabire muzigaburirane nk'uko bibereye ababgiriza beza b'ubuntu bg'Imana bg'uburyo bwinshi»**1 Petero 4:10**

- Guhimbaza Imana

«Umuntu iyo avuze, avuge nk'ubivugishijwe n'Imana, umuntu iy'agabuye, agabure nk'ufise ubushobozi Imana itanga kugira ngw'Imana iterwe icubahiro muri vyose kubga Yesu Kristo»**1 Petero 4:11**

- Guhishura akamere k'Imana

«Arikw'ivyo Mpwemu yama n'urukundo, umunezero, amahoro, ukwihangana, kugira neza, ingeso nziza, kuba umwizigirwa»**Abagalatiya 5:22**.

Paulo yatanze ukugabisha²

- Ntizishobora gufatwa minenerwe
«Ntiwanjanjwe ku ngabire iri muri wewe, imwe waheshwa n'ivy'abavugishwa n'Imana mu kurambikwako ibiganza vy'abakuru **1 Timoteyo 4:14**
- Zitegerezwa gukoreshwa mu buryo butunganye
«Ariko vyose bitungane neza birorane »**1 Abakorinto 14:40**

IV. Ugusuzuma ingabire za Mpwemu

- Mbega ni igiki?
 - Igikoresho c'ukugundura ugukoresha ibibazo n'uguhitamwo inyishu nyinshi
 - Igikoresho co kumenya ingabire za Mpwemu z'umuntu .
 - Ikirongora mu gufasha abantu gutora igikorwa cabo mw'ishengero
- Ico n'ikitarico
 - Si kanuni. Ingabire zishobora guhinduka ku mwanya

- Zirashobora no kuba zitagikoreshwa mu kugira urubibe rw'igikorwa canke ibango ry'umuntu. Ingabire zishobora no gutangwa n'Imana mu gihe zikenewe.

UKUGERAGEZWA KW'INGABIRE ZA MPWEMU

Imana yahezagije umuntu wese ingabire ya Mpwemu. Mbega uramenya ingabire za Mpwemu Imana yaguhaye? Niba utangazwa n'ingabire za Mpwemu ufise, aho uku kugeragezwa kuzokwerekana icyo zitezweza kuba.

Uku nikwo kugerageza ingabire za Mpwemu. Guhagaze ku ngingo 110 utegerezwa kwishura. Imisi yose, bimenyerewe, kenshi, rimwe rimwe, gake, bitabaho, mu kwerekana ukwo wumva ivyerekeye icyo ngingo.

Ego zigama mu cyumviro ko uko kugerageza kwanditswe n'abantu, Atari Imana kandi ben'ibi nta nkeka ntibiboneye. Kwategerezwa gukoreshwa nk'ikibanza c'intango co gutangura kuvumbura ingabire zawe za Mpwemu; ariko ata nkeka nk'ikimenyetso kanuni Ukugerageza ntigushobora imisi yose kwerekana ingabire zawe za Mpwemu. N'igikoresho kimwe muri co gitegerezwa kubamwo ukurondera kurekure ubugingo uko Imana yaguhezagiye gurtyo urashobora guhezagira abandi.

Ukeneye kuba ushobora kumara umwanya wo kwishura ingingo zose canke ukugerageza ntikuzoguha inyishu zifise insobanuro.

Ukeneye kuba ushobora kumara umwanya wo kwishura ingingo zose canke ukugerageza ntikuzoguha inyishu zifise insobanuro.

Kwishura ku ngingo yose hamwe n'igitigiri gihura n'icyumviro ca mbere cawe ku rwego rukurikira:

Imisi yose	:5
Bimenyerewe	:4
Akenshi	:3
Rimwe na rimwe	:2
Gake	:1
Bitabaho	:0
Reka dutangure :	

1. _____ Abantu basa n'abashaka gukurikira uburongozi bganje batagoberewe

2. _____ Ndakunda kuvuga ijambo ry'Imana ku baKristo bagenzane
3. _____ Ni umunezero kuri jewe kuvuga umugambi w'Imana w'agakiza ku bantu badakijijwe
4. _____ Biranezereza kugira igikorwa co kurongora abandi bantu mu bugingo bgabo bga Mpwemu.
5. _____ Ndasukwa no gufasha abantu kuvumbura ukuri kwa ngombga mu vyanditswe.
6. _____ Ndafise umunezero udasanze wo guhimbaza Imana jenyene canke hamwe n'abandi bantu
7. _____ Biranezereza kuvyurira abantu ukwinjira mu Mpwemu ku rwego rwo hejuru.
8. _____ Abantu bari mu ngorane z'ivy'impwemu basa n'abanzako ku mpanuro no ku ngingo.
9. _____ Naronse ingazi ihambaye mw'ishuli.
10. _____ Hariho umunezero munini mu gukora ubuzi butoyi mw'ishengero.
11. _____ Ndarondera ibihe vyo gufasha abantu mu gikorwa cabo.
12. _____ Hariho umunezero munini mu kurongora abantu kurangura intumbero z'umurwi
13. _____ Ndakunda gutegura abantu mu kurangura ibango neza
14. _____ Hariho ukuryohereza kunini mu gutanga igitigiri kinini c'amafaranga ku gikorwa c'Umwami.
15. _____ Ndumva ikigongwe cinshi kubibazo vy'abandi
16. _____ Biroroshe kumenya niba umuntu ari umwizigirwa canke atari we
17. _____ Nama niteguye kugerageza ikidashoboka kuko mfise ukwizigira gukomeye mu Mana
18. _____ Hariho umunezero ukomeye wo kugira abantu muhira iwanje
19. _____ Nasanze ko ugusanura n'ugushigikira ibintu mu binkikije binzako vyoroshe
20. _____ Numva kumenya ibikenewe mw'isengesho imbere y'abandi
21. _____ Ndanezererwa igihe co gusenga hamwe n'umuntu canke gusengera umuntu agwaye mu mubiri kugira akire
22. _____ Ndamenyera n'ingoga umuco udasa n'uwanje
23. _____ Ndatahura uburyo bw'ubutegetsu mu bucuti bganje n'umurwi
24. _____ Ndakunda kuvuga ijambo ry'Imana mu gukomeza abandi
25. _____ Nsa n'uwushoboye kumenya igihe Mpwemu ategura umuntu kwakira Yesu Kristo
26. _____ Biraryoshe guteganya uburongozi bwa Mpwemu kw'ikoraniro
27. _____ Kwigisha ishuli rya Bibiliya ni kimwe mu bintu binezereza kurushiriza ivyo nkora mw'ishengero
28. _____ Imana yarampaye ubushobozi bgo kuvuza ibikoresho vy'umuziki kandi ndabinezererwa
29. _____ Ni umunezero wo kuremesha abantu bihebuye
30. _____ Ndanezererwa no guteganya inyishu ku ngorane zigoye mu buzima
31. _____ Bisa n'ivyoroshe kwiga ukuri kugoye
32. _____ Ndanezerwa no gukora ibikorwa bimenyerewe kubg'ubwiza bg'Imana

33. _____ Ndanezererwa no gufasha mu bikorwa vyihuta bikikije ishengero
34. _____ Abantu banezerwa no kunkurikira mu gukora igikorwa ca ngombga
35. _____ Hariho umunezero mu gufata ingingo nkuru
36. _____ Nsanga umunezero w'ukuri mu gutanga igisa c'ubuntu mu mafaranga yanje ku Mwami
37. _____ Gutemberera abantu bari mu bukukuruke i muhira bimpa uburyohe bunini
38. _____ Nsa n'uwumenya n'ingoga niba ikintu kigororotse canke ari kibi
39. _____ Igihe ibintu bisa n'ibidashoboka, nama niteguye kubandanya imbere
40. _____ Sindemeshwa igihe abantu baguye mu vyo batiteguriye
41. _____ Nararyohewe no kurema ibintu bitandukanye vy'ubuhinga canke imyuga
42. _____ Isengesho ni umwe mu myimenyerezo yanje myiza y'impwemu
43. _____ Narasengeye umuntu w'umugwayi w'ibigumbagumba kandi nabonye umuntu yakize
44. _____ Biroroshe kuri jewe kwinjira mw'ikoraniro rishasha no kugira abagenzi
45. _____ Ngira ubwoba buke mu kurongora abantu aho Imana igomba ko bagenda
46. _____ Ndaryoherwa kuvuga no gusangira ijambo ry'Imana ku bibazo vy'umusi
47. _____ Numva umutwaro wo gusangira ubutumwa bgiza n'abantu
48. _____ Ndakunda gufasha abantu hamwe n'ingorane zabo za Mpwemu
49. _____ Biraboneka ko abantu biga igihe ndabigisha
50. _____ Naranezerewe no kwinjira mu vy'ishengero, ishuli n'ivy'ugukora umuziki
51. _____ Ndakunda kuremesha abanyeshengero baguye kugaruka kuba abaKristo kandi
52. _____ Biraboneka ko abantu bakurikira impanuro yanje muri rusangi
53. _____ Ndashobora gutahura ibice bigoye vy'ijambo ry'Imana
54. _____ Ndakira uburyohe bunini mu gukora ibikorwa bitoya canke vy'akamaro mw'ishengero
55. _____ Ndifuza gukora ibikorwa bizobohora abandi kw'ibango rikomeye
56. _____ N'ingirakamaro rwose gutuma ibikorwa ku wundi muntu kuruta kugikora ubganje
57. _____ Ndanezererwa igikorwa c'ukurangura imigabo y'umugwi
58. _____ Ndashima igihe co gushigikira n'amafaranga ibihe bigoye
59. _____ Ndumva umunezero wo gukomeza abantu mu bihe bigoye
60. _____ Itandukaniro hagati y'ukuri n'ububeshi biranyorohera kumenya
61. _____ Akenshi nama niteguye kwizera kw'Imana izoturongora biciye mu kiringo aho abandi bumva ko bidashoboka
62. _____ Abantu bumva baremye bari i muhira iwanje
63. _____ Ndakunda kurema ibintu n'ibiganza vyanje
64. _____ Imana irishura amasengesho yanje mu nzira zitomoye
65. _____ Naratemberereye umuntu yari agwaye, narasenze Imana iramukiza mu mubiri wose hama umuntu aramera neza
66. _____ Ndashobora kubgira neza abaKristo mu turere dutandukanye canke imico itandukanye

67. _____ Ndashima igihe co kubgira ijambo ry'Imana abandi
68. _____ Ni ngombga kuri jewe kuvuga ijambo ry'Imana ryo kuburira n'urubanza mw'isi y'uno musu
69. _____ Ni umunezero gusangira ico Yesu avuga kuri jewe hamwe n'umubanyi ataja kw'ishengero
70. _____ Abantu bakunda kunzanira ibibabaje vyabo n'ingorane zabo kuko ndavyakira
71. _____ Umwe mu minezero yo mw'ibango ni kwigisha abantu kuba abaKristo babushitse kuruta.
72. _____ Numva amahoro mu gikorwa c'uko ubushobozi bganje mu muziki buzogira inyungu ku bandi bantu tuzomenyana.
73. _____ Abantu bumva isoni akenshi banzako ngo ndabareshe kandi ndabakomeze
74. _____ Numva ko mfise imbono idasanzwe mu guhitamwo intumbero nziza mu gihe kigoye
75. _____ Ndafise ugutahura kwumvikana kw'inyigisho za Bibiliya
76. _____ Ndasanga uburyohe burushiriza mu gukora akazi kuruta kuronka umuntu wundi agakora
77. _____ Ndashima ibango ryo gufasha abandi bantu kwikorera imitwaro yabo
78. _____ Ni umunezero gusunikira abandi ku ruhara runini rw'igikorwa c'ishengero
79. _____ Ugutera imbere kw'imigambi y'ukuri kw'ibango ry'ishengero bimpa uburyohe bunini
80. _____ Ni umunezero kubona ni amafaranga angahe nshobora gutanga ku Mwami
81. _____ Ndanezerwa gukorera umuntu agwaye mu bitalo
82. _____ Ndashobora guca urubanza neza hagati y'ukuri n'ububeshi ku ngingo y'ivy'ijambo ry'Imana
83. _____ Abantu bashaka kumbona nk'umwe yizera kw'ikintu cose gishoboka
84. _____ Igihe abamisioneri baza kw'ishengero ryacu nakunze ko bashika iwanje
85. _____ Ndabona ko ingaruka y'igikorwa canje hamwe n'ibintu bitandukanye mu vyaremwe n'Imana bifasha gutez'imbere no kuninahaza ivyo abandi bantu batabonye canke batateje imbere
86. _____ Ndasenga nizigiye ko abandi bomenya ko ugutunganya kwabo n'ukubaho neza kwose vyohagarara ku nyishu y'Imana ku masengesho
87. _____ Ndakunda gufashanya mw'ibango mu vy'umugwayi mu mubiri no mu bigumbagumba no gusenga n'ugukira kwabo
88. _____ Iciumviro c'ugutangura ishengero rishasha mu bantu bashasha birantangaza
89. _____ Ndanezererwa no kwigisha abakozi mw'ishengero
90. _____ Mu kilasi ca Bibiliya vyumvikana kw'ari ngombga gusangira ijambo ry'Imana n'aho bishavuzwa abandi
91. _____ Numva ugusharwa mu mutima ku bantu batarashikirwa mu bantu banje
92. _____ Ndanezerwa n'ubucuti bg'ukwegerana n'abantu kuri umwe mu gihe kimwe kimwe
93. _____ Biroroshe gutegura ibikoresho vyo kwigisha ikilasi ca Bibiliya

94. _____ Kurongora abandi mu kuririmba indirimbo z'uguhimbaza Imana canke ukunezererwa kugororotse kurampaza ubganje
95. _____ Nofuma mpamagarwa n'umuryango utarakizwa kuruta umuryango wasubiye inyuma
96. _____ Mfise icyumviro gikomeye co kwizigira inyishu zanje ku ngorane
97. _____ Ni ugusharwa gutangaje gusoma no kwiga igitabo kigoye ca Bibiliya
98. _____ Ndakunda gukora ibintu gukora ibintu bitarinze gusamaza abandi
99. _____ Niba umuryango uhuye n'ubukame bukaze, ndanezerwa igihe co kubafasha
100. _____ Hariho umunezero munini kugira abandi bankurikira mu gukora igikorwa
101. _____ Nofuma mfata ingingo ku mugwi kuruta kubemeza gushika kuri iyo ngingo nyene
102. _____ Ndashobora kwitanga kuko nzi kw'Imana izonkorera ivyo nkeneye
103. _____ Ni umunezero udasanzwe gutemberera abantu bafungiwe mu mihana yabo
104. _____ Narondeye kenshi ibituma vy'umuntu kandi ndaraba musu amajambo
105. _____ Igihe abantu bihebuye ndanezerwa no kubaha imbono nzima nkeneye
106. _____ Abantu basa n'abanezerewe no kuza muhira iwanje
107. _____ Hariho umunezero mu gucapura, mu kurema no mu gusiga ibintu bitandukanye
108. _____ Nisanze ndiko ndasenga mu bihe bishoboka ko ntegerezwa kuba ndiko ndakora ibindi bintu .
109. _____ Numva ko nkomeye cane kw'amasengesho yanje ku muntu arwaye yamukijije wese
110. _____ Ndafise icifuzo gikomeye kinini kuruta vyose kubona abantu bose bo mu yandi mashengero no mu bindi bihugu bungukira Umwami.

Ugushima: Wahejeje urutonde rw'ugusuzuma ingabire zo mu mpwemu.

Lero, fata umwanya wo gusuzuma ingingo zose kuraba y'uko utibagiye kwishura n'imwe muri zo. Ubu rungika inyishu zawe ku rupapulo rw'ukwihweza. Gukora ivyo ukeneye kuraba inyishu yawe ku kibazo cose.

Ku kibazo cose mu bibazo 110, injiza igiharuro c'inyishu yawe mu kabweta gakwiriye ku rupapuro rw'ukwihweza. Hama, ongerako ku murongo urambitse w'ibiharuro winjize kandi ushire igitigiri mu kabweta ka vyose. Raba akarorero gato:

Ikib #	IN Y	Ikib#	IN Y	Ikib #	INY	Ikib #	INY	Ikib #	IN Y	Vyos e ham we	URUGEZ O	INGABIRE MPWEMU	YA
1	1	23	3	45	0	67	1	89	3	8	2	Intumwa	
2	3	24	1	46	1	68	0	90	1	6	3	Umuvugishwa	
3	3	25	5	47	3	69	5	91	1	17	1	Umuvugabutumwa	

Ubu raba kuri VYOSE. Vyose iri hejuru kuruta niyo ngabire ya Mpwemu ikomeye muri wewe. Abantu bamwe barafise ingabire nyinshi za Mpwemu hamwe n'igitigiri kimwe. Ikibazo c'ugusuzuma ntigitomoye, lero, ingabire yawe ya Mpwemu ikomeye ntishobora kwerekana igitigiri ca vyose co hejuru kuruta. Mu mpera uzosanga urutonde rw'ingabire za Mpwemu rutanga icanditswe kuri imwe imwe.

Iki kibazo c'ingabire za Mpwemu gishobora kumbure kuba mu murongo <http://www.kodachrome.org/spiritgift>

URUPAPURO RW'UMWIHWEZO W'INGABIRE ZA MPWEMU

Nturabe kuri uru rupapuro kugeza hanyuma wahejeje ikibazo.

Ikib#	INY.	Ikib#	INY.	Ikib#	INY	Ikib#	INY.	Ikib	INY	Vyose hamwe	URUGEZO	Ingabire ya Mpwemu
1		23		45		67		89				Intumwa
2		24		46		68		90				Umuvugishwa
3		25		47		69		91				Umuvugabutumwa
4		26		48		70		92				Umwungere
5		27		49		71		93				Umwigisha
6		28		50		72		94				Umuziki
7		29		51		73		95				Ukuremesha
8		30		52		74		96				Ubgenge
9		31		53		75		97				Ubumenyi
10		32		54		76		98				Ugukora
11		33		55		77		99				Ugufasha
12		34		56		78		100				Uburongozi
13		35		57		79		101				Ugutegeka
14		36		58		80		102				Ugutanga
15		37		59		81		103				Imbabazi
16		38		60		82		104				Ugutandukanya
17		39		61		83		105				Ukwizera
18		40		62		84		106				Ugutanga indaro
19		41		63		85		107				Imyuga
20		42		64		86		108				Ugusengera abandi
21		43		65		87		109				Ugukira
22		44		66		88		110				Umumisiyoneri

Intumwa:

- Ni ingabire aho Mpwemu ashinga abaKristu bamwe kurongora, guhumekera no gutez'imbere amashengero y'Imana mu kuvuga no mu kwigisha inyigisho z'ukuri. Raba Ivyak12 :1-5 na 14 :23

Umuvugishwa

- Ni ingabire idasanzwe aho Mpwemu aha ububasha abaKristo bamwe kuvuga no guserura uguhishura kw'Imana mu gihe kigenywe. Raba 1Abikorinto 14 :1-5 1Abikorinto14 ;30-33 1Abikorinto14 ;37

Umuvugabutumwa :

- Ni ingabire idasanzwe aho Mpwemu ashoboza abakristu yihariye gusangira ubutumwa bgiza n'abatizera muri ubgo buryo uwutizera agahinduka umwigishwa w'Umwami Yesu Kristo. Raba Ivyak.8 :26-40

Umwungere :

Ni ingabire idasanzwe aho Mpwemu ashoboza abaKristo bamwe kwikorera umutwaro w'ukubaho neza mu vy'impwemu w'umurwi w'abizera. Raba 1Petero5 :1-11

Umwigisha

Ni ingabire idasanzwe aho Mpwemu ashoboza abakristo yihariye bo gushikana ukuri kw'ijambo ry'Imana gurtyo abandi bagashobora kwiga. Raba Abaheb.5 :12-14

Umuziki

Ni ingabire idasanzwe aho Mpwemu ashoboza abaKristu bamwe guhimbaza Imana biciye mu ngiro zidasa z'umuziki kandi no kuryosha ukumenyera gusenga mw'ishengero. Raba 1Abikorinto14 :26, Mariko 12 :36

Ukuremesha

- Ni ingabire idasanzwe aho Mpwemu ashoboza abaKristo bamwe guhagarara iruhande y'abagenzi babo b'abaKristo bari mu bukene kandi bakabazanira ugukomera, impanuro n'ukurema gurtyo bakumva ko bafashijwe.

Ubugenge

- Ni ingabire idasanzwe aho Mpwemu agabira abaKristo yihariye ugutahura ubugombe bg'Imana n'igikorwa nk'uko bifatanye n'ukubaho kw'ubugingo. Yakobo3 :13-17

Ubumenyi

- Ni ingabire idasanzwe aho Mpwemu ashoboza abaKristo bamwe gutahura mu buryo bg'umwihariko ukuri guhambaye kw'ijambo ry'Imana no kuguhuza n'ibihe runaka mw'ishengero. Abanyefeso 3 :14-19

Ugukora

- Ni ingabire idasanzwe aho Mpwemu aha ubushobozi abaKristo bamwe kwikorera imitwari y'abandi baKristo ku buntu nno kubafasha muri ubgo buryo bagashobora gukora ibikorwa vyabo kurushiriza. Raba Abagalatiya 6 :1-2

Ugufasha

- Ni ingabire idasanzwe aho Mpwemu aha ubushobozi abaKristo bamwe kwikorera imitwari y'abandi baKristo ku buntu nno kubafasha muri ubgo buryo kugira ngo bashobore gukora ibikorwa vyabo neza kurushiriza. Raba Ivyak.6 :2-4

Uburongozi

- Ni ingabire idasanzwe aho Mpwemu ashoboza abaKristo bamwe kuvyura kwerekeza no guhumekera mu bantu b'Imana muri ubgo buryo kugira bakorere hamwe bavyishakiye kandi mu bgumvikane mu gukora igikorwa c'ishengero neza. Raba Abaheb.13 :7 Abacam.3 ;10 Kuvayo 18 ;13-16

Ugutegeka

- Ni ingabire idasanzwe aho Mpwemu ashoboza abaKristo bamwe gutahura intego z'agace katanzwe k'ibango ry'ishengero no kwerekeza uruhande rubereye, no gucungera ishengero uko rikora. Ivyak.12 :12-21

Ugutanga

- Ni ingabire idasanzwe aho Mpwemu ashoboza abaKristo bamwe gutanga imigisha y'ibintu vyabo ku gikorwa c'ishengero hamwe n'ubugombe bg'umwihariko, urukundo n'umwidegemvyo. Raba 2Abakorinto 8 :1-5

Imbabazi

- Ni ingabire idasanzwe aho Mpwemu ashoboza abaKristu bamwe kwiyumvamwo imbabazi n'ikigongwe kuri abo bababara gurtyo bakitanga ku giciro ciyaguye c'umwanya n'inguvu zo kuborohera. **Raba Luka 10 :30-37**

Ugutandukanya ibintu n'ibindi

- Ni ingabire idasanzwe aho Mpwemu ashoboza abantu bamwe kumenya badakekeranya niba inyifato iva ku Mana canke kwa Satani. Raba Ivyak.5 :3-6 Ivyak.16 ;16-18.

Ukwizera

- Ni ingabire idasanzwe aho Mpwemu ateganya abaKristo n'icizigiro gihebuje mu masezerano y'Imana, ubushobozi n'ubgiza gurtyo bubashoboza gufata igihagararo c'intwari ku kazoza k'igikorwa c'Imana mw'ishengero. Raba Abaheb.11

Ugutanga indaro

- Ni ingabire idasanzwe aho Mpwemu ashoboza abaKristo bamwe bugurura inzu zabo ku buntu, bagatanga indaro, ibifungurwa, ubumwe bg'ineza ku bandi bantu. Raba Itanguriro 18 :1-5

Imyuga

- Ni ingabire idasanzwe aho Mpwemu agabira abaKristo bamwe ububangutsi bgo gukoresha iminwe n'ivyumviro vyo kwubaka Ubgami bg'Imana biciye mu buryo bg'ukurema no mu buhanga. Raba Kuvayo 28 ; 3-4

Ugusengera abandi

- Ni ingabire idasanzwe aho Mpwemu agabira abaKristo bamwe gusenga ku bihe vyiyaguye vy'umwanya hamwe n'inyishu nini ibereye k'ukubaka ubgami

bg'Imana. Raba 1 Tesalonika 3 :10-13 1 Timoteyo 2 ;1-2

Ugukira

- Ni ingabire idasanzwe aho Mpwemu akoresha abaKristo bamwe gusubiza amagara umurwayi. Raba Yakobo 5 ; 13-16

Umumisiyoneri

- Ni ingabire idasanzwe itangwa na Mpwemu yera ku banyeshengero bamwe b'umubiri wa Kristo kuja gukora aho hose bafise izindi ngabire za Mpwemu mu yindi mico canke mu bandi bantu. Raba 1 Abikorinto 9 ; 19-23

Igihimba ca 6

UGUHAGARARIRA ABANTU

«Kandi uko mugomba kw'abantu babagirira, mube ariko mubagirira

namwe» **Luka 6:31**

Ibgerizwa ry'umunezero, biboneka ko twese turizi, ego n'aho hari n'abadashoboye kuryubahiriza umwanya munini. Ishengero ni igikorwa c'abantu gishinzwe ku bucuti n'Imana no ku muntu na mugenzi we. Yesu yarawigishije iyi ngingo kugira tubeho mu bwumvikane umuntu n'uwundi, kandi hamwe n'Imana kandi no kwereka isi urukundo ko yadupfiriye. Igihe urongoye abantu uri mu bucuti nabo atari ku rugero rw'ubutegetsu kuri bo. Kurongora abantu ntabgari kubgira abandi ivyo bashobora kugukorera ariko ni kubasaba ico ushobora kubakorera. Ni umwimenyerezo wo ku musu ku musu w'ibgerizwa ry'umunezero nk'uko Yesu yatwigishije. Muri iki gihimba tuzoraba akamaro ko guhagararira abantu, ingingo zimwe zimwe zo kurongora abantu kandi n'ukuntu worongora abantu.

I. Ni kuki guhagararira abantu ari ngirakamaro ?

1. Ishengero n'iry'abantu

«Ariko mweho muri ubgoko bgatoranijwe, mukoranije kuba abami n'abaherezi ; muri ihanga ryera, abantu bashiriweho kuba inyegu yihariye kugira ngo mukwize ishimwe ry'Iyabahamagaye, ikabakura mu mwiza, ikabashira mu muco wayo utangaje» **1Petro 2:9**

- Ishengero s'inzu ni abantu
- Intumbero yacu ni abantu si ibintu
- Ni vyose ivyerekeye ubucuti
 - Hamwe n'Imana
 - Hamwe na Kristo
 - Hamwe n'umuntu k'uwundi

2. Abantu nibo butunzi bukuru bg'ishengero

- Abantu nibo mutahe ubombotse w'ishengero
- Abantu bazana ingabire nyinshi n'ubugangutsi mw'ishengero

«Yamara umuntu wese ahabga ikimwerekana ko Mpwemu, kugira ngo bigire ikimazi» **1 Abakorinto 12:7**

- Ingabire za Mpwemu z'ibango
- Ububangutsi bg'igikorwa
 - Kubitsa mu bantu biteganyaga ingaruka ihambaye cane

3. Ibango rirangurwa biciye mu bantu

«Kandi har'uburyo bginshi bgo gukora, arikw'Imana n'imwe, ikorera vyose muri bose» **1**

Abikorinto 12:6

- Abantu bakora ibango kandi bakarikoreshwa
- Ayandi matungo ni ibikoreho vyo gusahiriza abantu
- Ibango rya Yesu ryari iry'imitima y'abantu

4. Abanyeshengero baritanga si abakozi

- Abantu bitanze bakeneye uguhumekerwamwo
 - Bategerezwa kwumva ko barongowe n'Imana
 - Nta mwete usobanura kw'ata ntumbero isobanura kw'ata abantu
- Abantu bitanze bakeneye ukuremeshwa
 - Abitanze bakeneye ukwemezwa ku vyerekeye ico bariko barakora
 - Abitanze bakeneye gukora ibigoye vyahise
- Abantu bitanze bakeneye ikibatera intege
 - Ntibahembga ariko bakeneye ikintu cotuma babandanya
 - Bakeneye guterwa intege n'ubutumwa bgiza

5. Kwirinda amatati

- Amatati ari mw'ishengero akunda gushika hagati y'abantu
- Kwiga uko wofata abantu mu matati ni ngirakamaro

II. Ingingo zo guhagararira abantu

1. Abantu ni bamwe

«Kukw'ari wewe waremye amafyigo yanje, wanteranirije mu nda ya mama» **Zaburi 139:13**

- Bafise ubugangutsi bumwe
- Bafise ukumenyera kumwe
- Bafise ivyiyumviro bimwe
- Bafise ubuntu bumwe

2. Abantu bagomba aho begamira

- Abantu bakunda kwumva uruhara rwabo mu kintu
- Muri rusangi abantu ntibakunda kuba bonyene.

«Uhoraho aravuga ati si vyiza k'uyu muntu yibana wenyene hinga ndamuronderere umufasha bikwiranye» **Itang. 2:18**

- Yesu yaramenye ibikenewe vyacu k'ubumwe

3. Abantu bagomba kujamwo
 - Abantu bifuza kujamwo kuruta kuba abarorerezi
 - Abantu bifuza kugira intererano
 - Abantu bifuza gukoresha ingabire zabo n'ububangutsi aho bikenewe
4. Abantu bashaka guhabga agaciro
 - Abantu bakeneye kwumva bakoreshwa

«Ndakwitwayeko ku mwana wanje Onesimo uwo navyariye mu minyororo yanje. Atakugirira ikimazi kera, ariko noneho atugirira ikimazi twempi. **Filemonni 1:10-11**

- Niba abantu bagize agaciro, bazokwitanga
5. Abantu bagomba kwubahwa

«Mwubahe abantu bose» **1 Petero 2:17**

 - Abantu bagomba gufatwa bibereye
 - Abantu bafise akamaro ku Mana, gurtyo bategerezwa kutugirira akamaro natwe.
 6. Abantu bagomba ukumenyekana

«Biranezereye ko Stefana na Fortunato na Akayiko baje, bamaze inkumbu nari mbafitiye, kuko bahembuye umutima wanje, bo n'uwanyu, mwame mwibuka abameze bartyo» **1 Abakorinto 16:17-18**

- Abantu bakeneye gushimwa
 - Ukumenyekana kwubaka ubgizigirwa
7. Abantu bagomba ukwerekazwa
 - Gusangira imbono
 - Nk'umurongozi, utegerezwa guhishurira no gutera intege abandi
 - Gushigikirira umuntu wese ku ntego rusangi

«Iyo hatar'uguhishurirwa, abantu bigira uko bagomba»

Imigani 29:18

- Kwegeranya inguvu
 - Kwemeza k'umuntu wese akorera hamwe n'abandi
 - Ntukemere ibikorwa utazi canke bitabereye imbono canke intego z'ishengero
 - Koresha ubgoko bg'uburongozi buhanitse
 - Koresha ubgoko butandukanye nkuko bukenewe ku bihe bitandukanye
 - Gutuma abantu ku bikorwa nkuko bikenewe
8. Abantu bagomba inkuru
 - Gushikiriza intumbero zawe n'ibirindiriwe
 - Kumenya neza k'umuntu wese atahura igikorwa cabo

- Kumenya neza k'umuntu wese atahura igikorwa cabo
- Ntukorere abantu kumenya ikintu ariko babgire ivy'arivyo
- Gusangira inkuru zose zikwiriye

III. Uko wohagararira abantu

Hariho intambuko z'umushinge ushobora gukurikira mu kurongora abantu neza

Intambuko ya 1: Kubashiramwo

- Batumire kuza Kujamwo
- Bareshe gukoresha ingabire zabo

Intambuko ya 2: - Bubahe

- Guha agaciro icashizwemwo cabo
- Basabe ivyiyumviro vyabo

Intambuko ya 3: Kubigisha

- Gufasha gutez'imbere ububangutsi bhabo
- Barungike kwigisha canke kwiyigisha

Intambuko ya 4 – Kubamenya

- Kumenya intererano zabo
- Bahe icabitswe ku vyaranguwe vyabo

Intambuko ya 5 – Kubahemba

- Kwerekana ugushima kwawe hamwe n'agashimwe
- Batumire ku bifungurwa canke ku gikombe c'ikawa

IV. Guhagararira ubwoko butandukanye b'abakozi b'ishengero

1. Kurongora abakozi bahembaga b'ishengero
 - Bagize uruhara rw'umurwi w'ibango ryawe, gurtyo bafate neza, kandi bihanganire.
 - Uzokenera kubatuma ukurongora ibikorwa atari ku bikorwa
 - Umurwi w'igikorwa m'uburenganzira, gurtyo uzokenera ko bakorera hamwe
 - Umwe wese azosabga uturere tubonekana tw'ukurongora ibikorwa n'ugutegeka.
2. Kurongora abarongozi b'ishengero
 - Kubashinga uturere runaka ku ntego canke ibango
 - Gushigikira ubutegetsi bawe n'ukugenzura rusangi
 - Guteganya ubuyobozi n'ugufasha
 - Guteganya igikorwa c'ukwigisha
 - Kuba maso ku bantu bobuza ibango ryawe

- Abantu bagomba gukora ku vy'iwabo
 - Abantu batagomba kwubaha ubutegetsu banyu
3. Kurongora abitunga
- Kuba umuremesha n'uwutera intege
 - Gushing intumbero runaka kuri bo
 - Kubashingira ibikorwa n'amataliki gukurikirana gushitsa ku kurangiza
 - Gutenganya guhanura ku gutez'imbere abarongzi ba Kazoza
 - Kuremesha ibishasha canke ivyiyumviro bishasha
 - Kubashingira umurongzi canke umuntu ajejwe abakozi ku burongzi burashe.

UMWIMENYEREZO WO GUHAGARARIRA ABANTU

Inyigisho: Ku kintu cose gitonze ku ruhande rumanuka ibubamfu mu kurongora abantu.

Uko bimeze

Ingingo yo kurongora abantu

1. Umunyeshengero akujeko akavuga ko bagomba gukora mu murwi w'uguhimbaza	
2. Umwe mu barongozi b'ibango ryawe agusaba urutonde rw'abanyeshengero bose n'ingabire zabo za mpwemu	
3. Umuryango uvuye mw'ishengero ryawe ukakubgira ko wamenye umw'umwe harya ko bigoye	
4. Urwaruka mw'ishengero ryawe rwatembagajwe kuko ata n'umwe yakira ibisabo vyabo ku butunzi neza	
5. Umurongozi w'ibango ry'abana akujeko kand'ashaka kumenya ukuntu ibango ryabo ritunganijwe mu mugambi w'ishengero	
6. Abantu mw'ishengero ryawe ntibasharwa no kwitanga mu gufasha mu mugambi mukuru	
7. Babiri mu barongozi b'ibango mw'ishengero ryawe bafise ukutumvikana ukuntu horangurwa intego y'ishengero	
8. Uwitanze igihe kirekire mw'ibango ry'abana bawe ahagaritse ubgo nyene gukora muri iryo bango	

Igihimba 7

GUTATURA AMATATI

«Hahirwa ababanguranya kuko aribo bazokwitwa abana b'Imana» Matayo 5:9

Ishengero ryose canke umurongozi w'ibango ategerezwa kumenya ko amatati atabura mw'ishirahamwe ryose ririmwo abantu. Nkuko vyavuzwe kera ishengero ni igikorwa c'abantu gihagaze ku bucuti. Ikibateranya n'Imana citwa icaha. Igiteranya umuntu n'uwundi gishobora kuturongorera ku caha, gurtyo dutegerezwa kwirinda kudafatwa mu caha. « n'icaha gikunda kutwizingirako vuba» nkuko bivugwa mu Baheburayo 12 :1. Mu nsiguro ya Yesu ku musozi, muri Matayo 5 :9, Avuga ngo « Hahirwa ababanguranya kuko aribo bana b'Imana.» Yesu aduhamagarira twese kuba ababanguranya kandi kuva amatati agiye gushika, dukenera kuba twayiteguriye kandi dufise inzira muri Bibiliya yo kuyakemura. Muri iki gihimba tuzogamira ku kamaro ko gukemura amatati, isoko yayo n'impamvu izari zo ; n'ukuntu tumenya kandi tukayakemura mw'ijambo ry'Imana.

I. Ni kuki kwiga gutatura amatati ari ngirakamaro ?

1. Amatati ariho mw'ishengero igihe cose
 - Mu gihe cose uri n'ivyo ukorana n'abantu, hariho amatati
 - Uko ni ukuri kutagabanije ariko gufatana n'ugutahura
2. Ingorane nyinshi z'ishengero zifatanye n'amatati
 - Amatati arashobora gufata ishengero akaribuza ugukura
 - Amatati mato cane arashobora kuvamwo ingorane niniya
3. Amatati arashobora gusambura vyoroshe canke gucamwo ibice ishengero.
 - « Inzu ni yitandukanya ubgayo, iyo nzu ntizoshobora kurama» **Mariko 3:25**
 - Mu kurema ibice bibiri bihanganye canke ivyiyumviro
 - Mu guhenura ubutegetsu bwawe.
4. Gutatura amatati birashobora ishengero gutera intambuko imbere
 - Bikura imitego y'ugukura
 - Birema urwego rw'igikorwa mu kwumvikana n'ugukosora amatati ya kazoza.

II. Isoko y'amatati

1. Hagati mu banyeshengero
 - Ibitumberewe bidasa
 - Ukumenyera kudasa
 - Intego na ajenda zidasa
2. Hagati ya Pasitori n'abanyeshengero
 - Intumbero zitandukanye
 - Ugutera intege gutandukanye
 - Inyambaro zitandukanye

3. Hagati y'indabo za kera n'iz'ubu
 - Imero idahuza n'umwidegemvyo
 - Ukumererwa neza kudahuza n'ukuberwa
 - Igihagararo kidahura n'ukworoha
4. Hagati y'imvyaro
 - Ubu hadahuza no hambere
 - Urwaruka rudahuza n'abakera
 - Gisamirana kidahuza n'icoroshe
5. Hagati y'amabango
 - Uguhiganwa ku butunzi
 - Uguhiganwa ku bantu
 - Uguhiganwa ku mu myiyamamazo

III. Inyanduruko z'amatati

Hariho inyanduruko yinyegeje mus y'amatati yose kandi izanana mu masoko atatu; -

1. Satani
 - Yama igihe cose atugerageza gucumura.
«Mwirinde ibiboreza, mwame mugavye umurezi wanyu ariwe wa Murwanizi, agendagenda nk'intambge yivuga, arondera uwo arotsa». **1 Peteri 5:8**
2. Kamere y'ugucumura kwacu
 - Twavutse turabanyavyaha. Ni kamere yacu
«Kukw'akameremere kifuza ivyo Mpwemu yanka kandi Mpwemu y'ipfuza ivy'akemeremere kanka ; kukw'ivyo bihiganwa, ngo ntimukore ivyo mugomba»
Abagalatiya 5:17
3. Isi y'ikinyavyaha
 - Isi yacu yaranduye kandi igerageza kutwanduza
«Kukw'ikiri mw'isi cose ar'ivyifuzo vy'umubiri n'ivyifuzo vy'amaso, n'ubgibone bg'ubu bugingo bitanduruka kuri Data wa twese ariko vyanduruka mw'isi» **1 Yohana 2:16**

IV. Impamvu z'amatati

1. Imbono canke intego bidatomoye zishingwa hanyuma y'inzira y'isengesho n'ukwiyumvira n'ikiganiro.
 - Imirwi canke abantu bafise imbono canke intego zitandukanye zituritse.
 - Nta mbono rusangi kuri vyose
«Iyo hatari uguhishurirwa abantu bigira uko bagomba» **Imigani 29:18**

2. Ukubura umugambi urashe

- Nta mugambi uriho mu kibanza urondera canke utanga uburenganzira ku butunzi.
- Abantu bahiganwa ku butunzi buhagaze ku muntu Atari ku bikenewe rusangi
- Abantu bahiganwa ku butunzi buhagaze ku biriho Atari ku bikenewe vya Kazoza.
- Nta shirahamwe ririho ry'ubutunzi bg'ishengero

3. Ukugira abigishwa kudahagije

- Abantu ntibigishijwe inshingano z'ubukristo
- Uduciro rukristo ntitwerekanywe n'uburongozi bg'Ishengero
- Inyishu za Bibiliya ntizigishijwe ku bibaterya

4. Ukuvugana kudashemeye

- Abantu ntibitayeho ibikenewe ku rindi shengero
- Abantu ntibavugana umuntu n'uwundi kw'ishingiro ryo ku musi ku musi.
- Ukuvugana ni ugusubizanya kuruta uguhora

5. Kutavugana ingorane

- Amatati ya kera ntiyigeze aronka inyishu
- Amatati y'ubu yarirengagijwe
- Amatati akomakomeye ntiyavuganyweko

V. Kumenya amatati

1. Ibimenyetso biboneka

- Ugutwarwa n'ibigumbagumba
- Ukwidoga kwanditswe
- Ugusakuza & amabombe y'urusaku

2. Ibimenyetso biboneka vy'imhuri

- Ukuva mu bikorwa vy'ishengero
- Umugambi uracererwa canke urazungazungu
- Nta kuvugana

VI. Gutorera inyishu amatati

«Mugenzawe ni yakugirira nabi, ugende umuhishuke mwiherereye, ni yakwumvira, uzoba wigaruriye mugenzawe, ariko n'atakwumvira, ujane umwe canke babiri, kugira ngw'ijambo ryose rize riringanizwe bivuye mu kanwa k'ivyabona bibiri canke bitatu. N'atabumvira mubgire ishengero niyanka kwumvira ishengero naryo, kuri wewe azoba nk'umunyamahanga n'umutozakori». **Matayo 18:15-17**

1. Mu gihe uri mu matati n'uwundi muntu wese:

«Woshobora kubgira gute mugenzawe uti zana mugenzi ngutosore akabango kari mu jisho ryawe, nawe ubgawe nturabe inkingi iri mu jisho ryawe» **Luka 6:42**

1. Gusuzuma ukuntu amatati ari ikosa ryawe
Ba imvugakuri ubgawe kandi usuzume uduce tw'amatati wikoreye. (Akar. Amajambo ababaza, akarimi kabi, gusakuza, kutihangana n'ibindi...).
2. Ica mbere kwemera no kwatura uruhara rw'amatati wikoreye.
 - Igihe wegera umuntu mufitaniye amatati, ubikore ubishaka.
3. Rondera uguharirwa k'ugukora nabi kwawe.
 - Igihe usabe uguharirwa kuva ku wundi muntu ku kibi wabakoreye kandi ukakuronka, ubu rero urashobora kubabgira kuvyo nawe bagukoreye.
4. Niba uguharirwa gutanzwe, amatati aba aronse inyishu
5. Niba uwundi muntu atazoguharira, aho ca utwara umuntu canke abantu benshi nkuko biri muri **Matayo 18:15-17**.

2. Wahamagariwe gukiza amatati.

1. Gusuzuma amatati
 - Gusuzuma ingorane, Atari ibimenyetso
 - Kwemeza k'umwe wese arimwo yemera uko ingorane iri kandi kw'ayikoreye. Niba bikenewe andika ivyaha vyakozwe kugira ngo bishobore guharirwa kimwe kimwe ukwaco.
2. Kumenya ababifisemwo uruhara
 - Gusuzuma uwurimwo vy'ukuri
 - Gusuzuma uko binjijemwo (ivyaha vyabo n'ibihe?)
 - Kugaragaza ni kuki binjijemwo
3. Kubitorera inyishu n'ijambo ry'Imana
 - Kuninahaza Imana muri vyose ukora!
 - Kugira uruhande rwose rwemera kandi rwatura amakosa yarwo. **Luka 6:42**
 - Kugira uruhande rwose rusaba uguharirwa
 - Niba uguharirwa gutanzwe, amatati aba aronse inyishu
 - Niba uguharirwa kudatanzwe, aho bandanya n'ugushinga intahe nkuko biri muri **Matayo 18:15-17**
4. Rondera inyishu mu mahoro
 - Amatati ateganya ibihe
 - Ntucumure mu kugerageza kwawe gutorera inyishu amatati
 - Ntiwonone urubanza mu gukeka. Fata ivyabaye
 - Wibuke ibgirizwa rikuru kuruta ayandi
 - Gukunda Imana

«Aramwishura ati: Mukundishe Uhoraho Imana yanyu imitima yanyu yose n'ubugingo bganyu bgose n'ubenge bganyu bgose» **Matayo 22:37**

- Mukundane

«Hari irindi rya kabiri rimeze nkaryo n'iri: Mukunde bagenzi banyu nkuko mwikunda» **Matayo 22:39**

VII. Kurengera amatati

1. Twikoreye ibikorwa vyacu ubgacu

- Kubaho nk'abanyabenge

«Nuko mwirinde cane uburyo mugenda, mwoye kugenda nk'imburabenge ariko mugende nk'abanyabenge» **Abanyafeso 5:15**

- Imana niyo yonyene imwe ishobora guhindura imitima.

«Maze Mpwemu w'Uhoraho aca akuzako akabushungwe, nawe akuvugishe hamwe nabo uce uhinduka ukundi ube umuntu musha» **1 Samueli 10:6**

2. Uguharirwa ni inkomezi

- Gushira amatati inyuma yawe
- Mu majambo ya Yesu «Genda ntuze usubire gucumura»

«Yesu aramubgira ati nanje singucira urubanza, ni wigire, guhera ubu ntuz'usubire gukora icaha» **Yohana 8 :11**

3. Ba umubanguranya

«Hahirwa ababanguranya kukw'aribo bazokwitwa abana b'Imana» **Matayo 5:9**

VIII. Amatati ntaba mabi imisi yose

1. Birashoboka kugira amatati ata caha.

(Akar. Ivyiyumviro bibiri bitandukanye nkuko ukuntu turondera inyishu z'ikibazo kimwe, twese dukorere hamwe mu kurangura inyishu nziza cane ku ciza rusangi).

2. Amatati ashobora kurondeza ikintu gikenewe kuvugwa (Akar. Inzira ikeneye kugororwa neza canke inzira ikeneye insobanuro).

UMWIMENYEREZO WO GUTATURA AMATATI

Uburorero bg'amatati mw'ishengero	Inyishu ngenderwako
1. Uburongozi bg'ibango ry'urwaruka rwawe ntibunzerewe n'ubutunzi kandi umwanya batanze kandi bakavuga ko bakeneye vyinshi	
2. Ikomite yawe y'abatama ntiyumvikana na Pasitori ku burongozi bushasha bg'Ishengero	
3. Bamwe mu banyeshengero bakuze rwose bo mw'ishengero ryawe baratanguye kwidoga ku vyerekeye umuziki w'ugusenga mukoresha kandi bagomba gukora vyinshi ku ndirimbo za kera.	
4. Imiryango ibiri mw'ishengero ryawe bari mu mushwano urura w'amategeko kw'itongo kandi ubona abanyeshengero batanguye gufata impande	
5. Hariho insaku ku vyerekeye umurongozi wanyu w'ugusenga afise ubucuti bg'ubusambanyi	

Igihimba ca 8

KUGIRA ABIGISHWA

«Nuko ni mugende, muhindure amahanga yose abigishwa, mubabatiza mw'izina rya Data wa twese, n'iry'Umwana n'irya Mpwemu Yera» **Matayo 28:19**.

Ishengero kw'isi ryaremewe gukwegera abantu mu bucuti hamwe n'Imana biciye mu muntu Yesu Kristo. «Kubw'Imana itatumye Umwana wayo gucira abari mw'isi urubanza, ariko ngw'abari mw'isi bakizwe nawe». **Yohana 3:17**. Nk'abarongozi b'ishengero, uburenganzira buhambaye bgacu s'ubwo gutegeka ishengero ariko n'ubgo kurongorera abandi kuri Kristo. Ivyo tuvuyita kugira abigishwa. Niba dusigura, tukigisha tugakwiza ubutumwa bgiza canke tugasenga ni ngombga ko umwambiro wacu uba wo kubona «Kristo ahindura abandi» (raba **Abagalatiya 4:19**). Muri iki gihimba tuzoganzira, kugira abigishwa, n'intumbero yaco, ingingo n'inzira kandi n'akamaro k'ugusuzuma ibikorwa.

N'irihe tandukaniro riri hagati yo kwigisha no kugira abigishwa

- Kwigisha ni gutanga ubumenyi canke inkuru. Ni kuvyerekeye kumenya.
- Kugira abigishwa ni kuvyerekeye gushitsa ubgo bumenyi canke inkuru. Ni kuvyerekeye gukora.

I. Intumbero yo kugira abigishwa

1. Kubona Kristo ahindura abandi

«Bana banje bato, abo nongera kuramukwa, gushitsa aho ishusho ya Kristo izoremerwa muri mwebge» **Abagalatiya 4:19**

- Iyi niyo ntego y'ishengero
- Ijuru ryose riranezerwa igihe umwana umwe yazimiye yatowe.
«Ndababgire, uko niko haba umunezero imbere y'abamalayika b'Imana kubg'umunyavyaha umwe yihanye» **Luka 15:10**

2. Gutez'Imbere ingabire za Mpwemu z'abandi

«Yamara umuntu wese ahabga ikimwerekana ko Mpwemu kugira ngo bigire ikimazi» **1 Abakorinto 12:7**

- Gusohora ingabire zamaze kuba muri mwegbe
- Gukoresha ingabire abanyeshengero bamaze kugira.

3. Kwigisha no guhereza abandi kw'ibango

«Ivyanditswe vyose vyahumetswe n'Imana, kandi bigira ikimazi co kwigisha umuntu, no kumuhana no kumutunganya no kumutoza indero nziza mu kugororoka, kugira

ng'umuntu w'Imana abe ushitse, afise ibimukwiye vyose, ngw'akore igikorwa ciza cose»

2 Timoteyo 3:16-17

- Kw'ibango ry'abanyeshengero
- Kw'ibango ry'abo bari inyuma y'ishengero.

4. Kugwiza ugukura kw'ishengero

- Abigishwa bahindura abandi bigishwa

« Nuko ni mugende, muhindure amahanga yose abigishwa...» Matayo 28:19

- Kwagura ibango ryawe ku bandi bantu.

5. Ni nkenerwa mu gutez'imbere abandi barongozi

- Abarongozi b'imena bategerezwa kuba abigishwa ubga mbere
- Ukwizera gukomeye ni urugezo rugaragara ku barongozi

III. Inshingano z'ukugira abigishwa

1. Ukugira abigishwa ntikugira iherezo

« Nuko rero turengane ivya mbere vya Kristo, twigire imbere kuvyo gutunganywa rwose»

Abaheb 6:1

- Nta n'umwe azigera ater'imbere
- Urugendo n'urw'ingirakamaro nkaho rushika

2. Ica mbere n'uburenganzira bg'Ishengero

«Nuko ni mugende, muhindure amahanga yose abigishwa» **Matayo 28 :19**

- Ishengero ryaremwe kubg'iyo ntumbero
- Ikintu cose mw'ishengero cunguka bivuye muri ryo
 - Nkuko abantu bigishwa bazokora vyinshi
 - Nkuko abantu bigishwa bazinjira mw'ibango
 - Nkuko abantu bigishwa bazotanga vyinshi kw'ishengero

3. Kugira abigishwa bifata umwanya

- Ntibishika mw'ijoro canke vyihuta
- Ni gute uduga umusozi ? intambuko imwe mu mwanya

4. Kugira abigishwa bisaba inguvu

- Abantu bakenera ugufashwa
- Abantu bakenera ukuremeshwa

- Abantu bakenera uguhabga igiti (igikorwa)
5. Kugira abigishwa bisaba abantu
- Gutondesha abandi mu gufasha kugira abigishwa abanyeshengero bawe.
 - Intahe ni ibikoresho vy'ukuri cane
 - Umukristo wese akenera, mwene wabo canke mushiki we wo kugendana nabo.
«kuk'umwe ni yatamba mugenzi we azomuvyura, arik'utemvye ari wenyene, adafise ikimuvyura aba agowe» **Umusiguzi 4:10**
6. Kugiura abigishwa bisaba icifuzo
- Utegerezwa kubishaka «Kubona Kristo ahindura abandi» **Abagalatiya 4:19**
 - Twese dutegerezwa kwifuzza gukura mu kwizera kwacu.
«Mwiyegereze Imana nayo izobegera» **Yakobo 4:8**

IV. INZIRA YO KUGIRA ABIGISHWA

A. N'ibihe bimenyetso vyo kugira abigishwa?

1. Ukwizera

«Kuko tugenda turongorwa n'ukwizera, ntiturongorwa n'ivyo tubona» **2 Abikorinto 5:7**

- Umwigishwa atembera mu kwizera
- Umwigishwa yizigira Imana
- Umwigishwa ahagarara mu kwizera mu bihe vy'amarushwa

2. Ugusenga

«Aramwishura ati mukundishe Uhoraho Imana yanyu imitima yanyu yose, n'ubugingo bganyu bgose n'ubgenge bganyu bgose.» **Matayo 22:37**

- Umwigishwa amenya Imana nk'Umwami
- Umwigishwa ahesha ubgiza Imana imisi yose
- Umwigishwa yamana ugusenga igihe cose

3. Ukwiga Bibiliya

«Ivyanditswe vyose vyahumetswe n'Imana kandi bigira ikimazi co kwigisha umuntu no kumuhana no kumutunganya, no kumutoza indero nziza mu kugororoka, kugira ng'umuntu w'Imana abe ushitse, afise ibimukwiye vyose, ngw'akore igikorwa ciza cose». **2 Timoteyo 3:16-17**

- Umwigishwa yiga imisi yose inzira z'Imana

- Umwigishwa yifuza ubgence bg’Imana
- Umwigishwa araba ijambo kw’inyishu

4. Isengesho

«Musenge ubudasiba» **1 Tesalonika 5:17**

- Umwigishwa avugana n’Imana ku musi ku musi
- Umwigishwa abaho mu Mpwemu
- Umwigishwa avumbura ubugombe bg’Imana ku bugingo bgiwe

5. Igikorwa

«Nuko bene Data nkunda, mukomere ntimunyiganyige, murushirize imisi yose gukora ibikorwa vy’Umwami wacu kuko muzi yuko ubutame bganyu atar’ubusa mu Mwami».

1 Abakorinto 15:58

- Umwigishwa akorera Umubiri wa Kristo
- Umwigishwa akorera ubga mbere abandi bantu
- Umwigishwa akurikira akarorero ka Yesu

6. Ugutumwa & Ugushinga intahe

«Ariko muzohabga ubushobozi, Mpwemu yera niyabazako, muzoba ivyabona vyo kunshingira intahe i Yerusalemu n’i Yudaya hose, n’i Samariya no gushitsa ku mpera y’isi» **Ivyak. 1:8**

- Umwigishwa abgira abandi ivyo Imana yakoze
- Umwigishwa agenda aho Imana ibarongora
- Umwigishwa ahindura abandi bigishwa

B. Gutegura umugambi wo kugira abigishwa

1. Gutez’imbere urutonde rw’intego rw’ukugira abigishwa
2. Kumenya abarongozi n’abigisha b’Imena
3. Kubishaka no kuvyishiramwo
4. Gutez’imbere isemo y’ukugira abigishwa nk’umwe aho musi.

Intambuko ya 1: Ubutumire bgo gusenga

- Vyose bitangurwa n’ubutumire bgo kuza gusenga
- Bareke bamenyere ubgiza bga Mpwemu yera

- Saba Mpwemu yera kubakorako ku buryo budasanzwe
- Nkuko bakorwako, baremeshe kwakira Kristo.
- Baremeshe bagire ukwatura ukwizera kwabo imbere y'abantu

Intambuko ya 2: Bandike mu kwiga Bibiliya

- Bakire mu nyigisho z'ukwiga Bibiliya
 - Bigishe inshingano rukristo
 - Bigishe ukubaho mu kwizera
 - Bigishe imbono z'isi muri Bibiliya
- Baremeshe ugusoma Bibiliya wenyene ku musu ku musu

Intambuko ya 3: Baremeshe ubugingo bg'isengesho

- Guteganya inyigisho z'isengesho
- Bashiremwo mw'ibango ry'isengesho

Intambuko ya 4: Bashiremwo mu gikorwa

- Barakeneye gukorera ishengeri ryabo
 - Nk'urugingo rw'ishengeri, barakeneye kurikorera
 - Nk'urugingo rw'umubiri wa Kristo arandikiwe gukora
- Barafise gukora ibihura n'ubushobozi bgabo
 - Bihagaze ku ngabire za Mpwemu bafise
 - Ayandi matalanto n'ububangutsi bafise

Intambuko ya 5: Shira abanyeshengeri mw'ibango

- Bahe ibihe vy'ugutumwa
 - Mu micungararo
 - Ku rwego rw'igihugu
 - Ku rwego mpuzamakungu
- Guteganya inyigisho zivugabutumwa
 - Gutegura ugushinga intahe
 - Gutegura urutonde rw'abantu muribo rwo kubashingira intahe
- Kubategura mu vy'uburongozi bg'ishengeri n'ibango

Intambuko ya 6: Kura abanyeshengeri kuba abigishwa baje kugira abandi abigishwa.

- Baremeshe gufasha abandi gukora
- Bigishe kwigisha abandi

C. Igikorwa c'ugusuzuma

- Ku mwaka urasuzuma amajambere y'ukugira abigishwa kwawe, baza ibibazo

1. Ni abanyeshengero bangahe bariko barakora mu nzira y'ukugira abigishwa?
 2. Ni hehe turonka amanota?
 3. Mbega abanyeshengero bacu barakura mu kwizera umwe umwe ukwiwe?
 4. Birazana ivyamwa kw'ishengero? Canke mu bugingo bg'umwe umwe?
 5. Mbega ingaruka kw'ishengero n'iyihe? Mu bantu bacu?
- Kosora nkuko bikenewe.
 - Remesha ukwinjira mu bilasi biter'imbere canke ivyigwa
 - Koresha ugushinga intahe mu kuremesha abandi

UMWIMENYEREZO W'UKUGIRA ABIGISHWA

Insobanuro : Uzuza ku rupapuro aha musu ivyiyumviro vyawe ku bibazo biri ku rwego rwose rw'inyigisho mw'iporogarama y'ukugira abigishwa mw'ishengero

- Uwizera mushasha :Urugero rwa 1(intango y'ukwizera)

1.Ni nde Mana?	5.	9.
2.Umubatizo	6.	10.
3.Ugusangira	7.	11.
4.Imbono ya Bibiliya isezerano rya Kera na Risha	8.	12.

- Uwizera ashikamye :Urugero rwa 2(imishinge y'ukwizera)

1.Ukurema-Itanguriro	5.	9.
2.Ingabire za Mpwemu	6.	10.
3.Ubugingo RuKristo.N.T.	7.	11.
4.Ubutatu	8.	12.


- Uwizera atanyiganyiga:urugero rwa3(ugukura k' ukwizera)

1.Inkuru z'isezerano rya Kera	5.	9.
2.Satani&ikibi	6.	10.
3.Ukwizera- Abaheburayo	7.	11.
4.Ugukura mu Mpwemu	8.	12.

- Uwizera akomeye:urugero rwa 4:Ukwizera mu gikorwa)

1.Ukwigisha ijambo	5.	9.
2.Uburongozi bg'ibango	6.	10.
3.Ugutumwa	7.	11.
4.Kurangiza ibihe-Ivyahishuwe	8.	12.

IKIGABANE CA 3
UGUHAGARARIRA UBUTUNZI



Igihimba ca 9

INTEGURO IRASHE

«Ninde muri mwebge agomba kwubaka umutara w'amatafari muremure, ntiyobanza kwicara, akarimbura igitigiri c'amahera yowubaka ngw'amenye yukw'afise ayowunonosora ? Ngo kumbure yoba ahejeje kwubaka amatafari y'itanguriro, ntashobore kuwuzuzaba ababibonye bose bagatangura kumutwenga» **Luka 14:28-29.**

Integuro ni igikorwa ngirakamaro mu burongozi bg'ishengero. Robert Schuller, umwanditsi n'umupasitori wa Crystal Cathedral muri California avugaga ngo «abo bahomba gutegura, no gutegura abahomba». Kugira integuro isobanuritse itomoye bifasha ishengero gupanga ubutunzi bgaryo no kubukoresha mur'ubgo buryo kugira bushobore kurangura imbono yabo. Ata nteguro, amashengero aronona ubutunzi buke afise kandi n'umwanya w'igiciro, hama akananirwa no kurangura ico Imana yabahamagariye gukora. Kugira integuro ntibibuza ishengero gukora ico ryandikiwe gukora, ariko vyibuze gushira umushinge kuko ishengero rishobora gushiramwo umutahe munini. Muri iki gihimba tuzovugana ibintu vy'integuro kanuni kandi uko twotez'imbere imwe kw'ishengero ryawe.

I. N'iyihe nteguro kanuni?

- Integuro kanuni ni ubuhinga bgo gutegura ibikorwa n'intego zo kurangura imbono.
- Integuro kanuni itubgira ico ubutunzi tugiye kubukoresha, igihe mugiyeye kubukoresha n'ukuntu mugiyeye kubushira mu ngiro.

II. Ni kuki ishengero rikeneye integuro kanuni

- Gucapura icigwa ca Kazozo
 - Kwubaka umushinge w'ugukura w'akazozo n'uguterimbere.

«Kandi munyitira iki, Mwami Mwami ntimukore ivyo mvuga?»

Umuntu wese aza aho ndi, akumva amajambo yanje, akayakora ndabereka ukw'asa. Asa n'umuntu yubaka inzu, yimvye hasi cane, akubaka itanguriro ku rutare, maze umugezi wuzuye usurira kur'iyi nzu, ntiwashobora kuyinyiganyiza, kuko yubatswe neza. Ariko uwumva ntabishobore, asa n'umuntu yubatswe inzu kw'ivu, atimvye itanguriro maze umugezi uyisurirako, ica irasenyuka, uguhomvoka kw'iyi nzu kwabayeye ugukomeye» **Luka 6:46-49**

- Gutumbereza no kurongora ibikorwa vyinshi n'amabango y'ishengero
- Kwirinda ibidusamaza
 - Gufasha kuraba intumbero y'imbono n'ugutumwa «Nuko natwe, ko dukikijwe n'igipfungu c'ivyabona kingana girtyo, twiyambure ibituremera vyose, n'icaha

gikunda kutwizingirako vuba, dusiganirwe ivyo twashizwe imbere, twihanganye»

Abaheburayo 12:1.

- Kubuza gutwarwa n'itiro
- Gukoresha ubutunzi bgaryo neza kandi bihagije
 - Gushoboza ugukoresha ubutunzi bukwiriye
 - Kugwiza umusaruro uvuye mu butunzi buriho
 - Kwirinda intego zivyura amatati

III. Mbega integuro kanuni irimwo?

Harimwo ibintu 7 mu nteguro kanuni. Nazo ni izi:

1. Impamvu y'Imbono
 - Isobanura ibizovamwo vyifuzwa ko ugerageza kubishitsa
 - Mbega intego yawe yanyuma n'iyihe?
2. Impamvu y'ibikenewe
 - Gusobanura ico ukeneye kurangura mu mbono.
 - Kwibanda kuco ukeneye, atari ukuntu wobironka.
3. Integuro y'igikorwa
 - Kuranga n'ibihe bikorwa ugiye gutanguza ku gikenewe cose
 - Tondesha ukuntu igikenewe cose kizorangurwa
 - Ico ugiye gukora c'umwihariko
 - Tomora n'ibikorwa ki bifise uburenganzira ku bindi
 - Sobanura urutonde ivyo bikorwa canke imigambi ishobora kuzorangizwa
 - Ibikorwa bimwe bitegerezwa kwitangira imbere y'ibindi
 - Ibindi bikorwa bishobora gucokorwa mw'ibango ryawe.
4. Ugupima umwanya
 - Sobanura igihe ugenda gukora igikorwa
 - Ranga mbega igikorwa cose kuzofata igihe kingana gute?
 - Kuranga igihe igikorwa gitegerezwa kurangizwa
5. Ubutunzi
 - Mbega ubutunzi buriho burakenewe
 - Sobanura n'abahe bantu bakenewe gukora igikorwa
 - Ranga ibikoresho bikenewe
 - Tomora ubutunzi bw'amafaranga busabga
 - N'ubuho butunzi bushasha bukenewe?
 - Ukworoherezwa
 - Ibikoresho
 - Abantu
 - N'iyihe nyigisho ikenewe?
 - Abantu bo kurongora ibango

- Abantu bo gukora ibango
- 6. Ubuhinga b'ugukora
 - Kuranga bihe runaka ufise
 - Tomora uko bokoresha vyiza ingabire z'abanyeshengero bawe
 - Tomora uko vyogira akamaro k'ubutunzi umaze kuronka
- 7. Ukwitegura
 - Tomora uwuzogira ububasha ku:
 - Ku ngingo z'umugambi
 - Ku ngingo z'amafaranga
 - Tomora uwutegerezwa kugaba
 - Ku ntego z'umugambi w'inama
 - Ku bikorwa vyaranguwe
 - Tomora n'iyihe mirwi ikenewe, n'uwuzobana nabo

IV. Nigute dutez'imbere integuro kanuni?

Hano hariho intambuko z'umushinge zo gukoresha igihe dutez'imbere integuro kanuni:

1. Gutegura integuro kanuni y'umurwi
 - Tora abantu b'ugurutse
 - Hitamwo abo b'ubumenyi bakwiriye
 - Ongerako abo b'umwete ku mugambi
2. Guca ku mayange umugambi wawe
 - Sohora incamake
 - Sobanura imbono yawe n'ibikenewe bikuru bikuru
3. Ongerako ivyiyongera ku mugambi
 - Tomora urutonde rw'ibikorwa ugiye gukora ku gikenewe cose
 - Vugana ibintu ku gikorwa cose mu vuyongerako
 - Ugupima umwanya
 - Ubutunzi
 - Ubuhinga b'ugukora
 - Ukwitegura
 - Raba ivyiyumviro vyose biva mu murwi
 - Reka umugambi uterimbere, ubandanye
4. Egeranya ivyinjiye bivuye ku bandi mw'ishengero
 - Kwongereza umugambi canke kwinjiza ivyiyumviro bishasha
 - Kwunguka ibindi vyiyumviro bishobora gufasha cane
 - Gufasha kwirinda kumata canke kwiboma ku kibambazi

5. Tegura icanditswe

- Kwandika umugambi bifasha kuwerekana
- Birashobora guhabga abandi bakagira ico babivuzeko
- Biteganya ijamba ry'umushinge w'uguharirako n'ukwibanda
- Ni umusaruro w'ukuri uvuye mu nzira y'integuro

6. Kurangiza imugambi

- Gutegura integuro kanuni yanditswe ubwa nyuma
- Reka abagize umurwi basubiremwo umugambi
- Reka umwe wese ku nteguro mu murwi asinye ku mugambi
 - Kumenya ukwemera kwabo
 - Kwirinda amatati ya Kazoza

7. Gushikiriza umugambi

- Guteganyanya amakopi yanditswe ku barongozi bakuru
- Guserura umugambi wawe kw'ishengero canke kw'ibango

UMWIMENYEREZO W'INTEGURO KANUNI

Imvo y'imbono _____

Intego #1 _____

Ibikorwa :

1. _____
2. _____
3. _____
4. _____
5. _____

Intego # 2 _____

Ibikorwa :

1. _____
2. _____
3. _____
4. _____
5. _____

Intego #3 _____

Ibikorwa :

1. _____
2. _____
3. _____
4. _____
5. _____

Intego #4: _____

Ibikorwa :

1. _____
2. _____
3. _____
4. _____
5. _____

Igihimba ca 10

GUHAGARARIRA AMAFARANGA

«Ntimushobora gusaba Imana n'itunga» **Matayo 6:24**

Uko bimenyerewe amabango yose asaba urugero rw'amafaranga yo gukoresha. Ni nk'akamenyero, gashinzwe ku mpano no ku ngabirano aronka zavuye ku banyeshengero babo. Nk'umurongozi w'ishengero, ufise igikorwa co kumenya neza ko impano zose zinjijwe neza kandi ko ivyakoreshejwe (amafranga) mw'ibango biri mu mategeko, kandi biharugwa neza bikwiye. Ivyo ni akemenyero kari mu mategeko, ariko ic'ingirakamaro kirenze, ni ibgirizwa rya Bibiliya kandi kurongora amafaranga y'ishengero ryawe canke ibango ni kuvyereka Imana neza kandi yuko uri umwizigirwa nk'urugingo rwiwe. Bibiliya iratugabisha ko uruhombo rwo gushigikira urugero rwo hejuru mu butunzi bgawe burongora gusa mu kwonona no mu kubabara. Muri iki gihimba, tuzoraba ni kuki guhagararira amafaranga neza ari ivy'ingirakamaro, mbega n'izihe ngingo twohagararako uko dukoresha ubugororotsi mu mafaranga kandi n'izihe nyungu zayo.

I. Ni kuki guhagararira amafaranga neza ari ingirakamaro?

1. Bibiliya ivuga kw'amafaranga ashobora gutera ingorane nyinshi

«Kuko gukunda amahera ari imizi y'ibibi vyose» **1 Timoteyo 6:10**

- Uguhagararira amafaranga kudashemeye kurongorera mu mubabaro no mu zindi ngorane.
 - Ibindi vyaha (kubeshya, kwiba, kwifuza, gukina akamari etc)
 - « Ubugororotsi buzigama ugenda agororotse, arikw'ikibi gitsinda hasi umunyavyaha» **Imigani 13:6**
 - Asambura ubucuti
 - «Ugenda agororotse agenda amahoro arik'ugoramangisha inzira azomenyekana» **Imigani 10:9**
 - Amafaranga siyo ntego n'uburyo bgo gushika ku ntego.
 - Amafaranga ni ubutunzi ukoresha mu kurangura intego
 - Imana izoteganya ubutunzi ukenera gukora igikorwa cayo.
 - Ubushobozi bg'amafaranga ku bantu bgaratohojwe neza
 - Akenshi ahereza mu ngingo mbi
 - Arashobora guhereza mu munyororo.
 - Amafaranga ashobora guhinduka inzahabu canke ikigirwamana co gusenga.

«Ntimushobora gusaba Imana n'itunga» **Matayo 6:24**

- Gukurikirana amafaranga ni gukurikirana inzahabu y'ibinyoma
- Uratakaza umwidegemvyo wawe muri Kristo mu guhinduka umugurano w'amafaranga.

2. Gukoresha amafaranga mu bidakwiriye ni kubesha Imana
 - Ubutunzi butangwa mw'ishengero buba butanzwe ku Mana
 - Ikintu cose dufise ni Iciwe, turi abashinguzi biwe gusa
 - Imana ifise umugambi ku butunzi bgacu kandi n'ico tubukoresha
 - Gukoresha nabi amafaranga nico kimwe no kuyiba
 - Uriba ibivuye mw'ishengero
 - Uriba ibivuye ku Mana (**Malaki 3:8**)
 - Kwiba ntivyerekana urukundo

«Ufise urukundo ntagirira mugenziwe nabi» **Abaroma 13:10**

3. Uguhagararira amafaranga kudashemeye ni ubushinguzi budashemeye
 - Ubushinguzi budashemeye siko kurongora amafaranga (ubutunzi bg'Imana) nk'umunyabenge.
 - Gukoresha ingabire z'Imana n'ubenge bivyara icamwa ku bgani bg'Imana.
 - Kurongora neza ingabire z'Imana bihesha icubahiro Imana
4. Uguhagararia kwiza amafaranga kwubaka ubgizigirwa
 - Niba udashoboye gushingura amafaranga neza ntushobora gufata neza ibintu vyo mu Mpwemu.

«Nimba mutabaye abizigirwa kw'itunga ribi mubikijwe, ni nde azobabitsa itunga nyaryo?. **Luka 16:11**

- Abantu bazokwizigira niba wizigira Imana

«Ukora ivyo yizigiweko ku coroshe cane, agira artyo no ku gikomeye, ugabitanya ku coroshe cane, agabitanya no ku gikomeye» **Luka 16:10**

II. N'izihe ngingo zo gushingura amafaranga?

«Arabishura ati ntimugatoze abantu ibiruta ivyo mwagezwe, ntihakagire umuntu mutangisha impongano canke mwagiriza ibinyoma kandi ingero zanyu zibabumbe» **Luka 3:13-14**

1. Nezerwa n'ico Imana yaguteganiye
 - Musabe gusa ico ukenye
 - Wizigire Imana kuguteganiye ibikenewe vyawe
2. Ntugakoreshe amafaranga ku ntumbero atateganiye
 - Ntusabire amafaranga ikintu kimwe hama ng'uyakoreshe ku kindi
 - Wubahe ugutanga kw'abantu

3. Ntugakoreshe amafaranga y'ishengero ku vyifuzo vyawe
 - Ntuzokwigere ufata amafaranga avuye mw'ishengero yo guhaza icifuzo canke ubushake bgawe.
 - Ntugatange amafaranga y'ishengero ku bandi ku vyifuzo canke k'ubushake bgabo.
4. Ikonte y'amafaranga yose yakiriwe
 - Andika ayinjije yose n'ingabire zakiriwe
 - Andika intumbero isabge ku mpano zose kandi uzubahe
 - Kuzigama bigororotse kugeza ku vyinjijwe ubu
5. Guharura amafaranga yakoreshejwe yose
 - Kwandika ivyakoze vyose
 - Kuzigama amaresi y'ivyakoreshejwe vyose
6. Gushinga uburyo bg'ukugura vyinshi
 - Ntiwemerere umuntu n'umwe ububasha bg'ukugura ibintu vyinshi
 - Kwandika ikoresha rya sheke n'ibisigaye ku vyasohotse binini binini vyose.
 - Gusaba ubwoko bw'icemezo canke urundi rupapuro rwakoresheje amafaranga
7. Kumenyeshya igihe cose raporo y'amafaranga
 - Igitigiri cakiriwe
 - Igitigiri casohotse
 - Ibisigaye mu minwe
8. Gukoresha abantu bigenga igihe cose mu kwihweza ubutunzi bg'ishengero
 - Mugere umuntu avuye hanze y'ishengero gusubiramwo ikigega c'amafaranga yanyu
 - Kugira raporo y'umwaka y'amafaranga

III. Ni gute wogira ubushinguzi bgiza bg'amafaranga?

1. Kwigisha igihe ca Bibiliya c'ugutangisha ikigiracumi (10%)

«Ntimuze mubure gutanga ikigiracumi co mu vyo mwejeje ku mbuto mwateye, ukw'imirima yanyu izokwera uk'umwaka utashe» **Gusubira 14:22**

 - Kurongorwa n'akarorero – ba umutanzi w'ikigiracumi
 - Kuremesha ugutanga umushuzo w'ivyeze vyambere. **Imigani 3:9**
2. Kwerekana ubugororotsi mu mafaranga
 - Kwandika ivyinjije n'ivyakoreshejwe vyose
 - Kuriha imyenda ubga mbere
 - Gushiraho inzira mu kibanza z'ugusuzuma no gusubiramwo ivy'ubutunzi bg'Ishengero
3. Kwizigira Imana guteganya ku bikenewe vyacu
 - Azoduha ivyo dukeneye
 - Imana itunga abantu bayo

«Wihanize abatunzi bo mu vy’iki gihe, boye kwibona canke kwishimira ubutunzi butar’ubgo kwishimirwa ariko bishimire Imana iduha vyose bisesekaye ngo tubinezererewe». **1 Timoteyo 6:17**

4. Kwemerera abanyeshengero kuraba ubutunzi bg’ishengero
 - Ntimunyegeze ubutunzi bganyu buva mu banyeshengero banyu.
 - Mwuguruke kandi mube abizigirwa ku vyerekeye ivyabonetse n’ivyakoreshejwe.

IV. N’izihe nyungu ziri mu bushinguzi bgiza bw’amafaranga?

1. Muzokwubaka ubwizigirwa hamwe n’abanyeshengero banyu.
 - Niba babizigiye mu mafaranga, bazobizigira no mu bindi
 - Abanyeshengero banyu bazogomba kubizigira, gurtyo bazobakurikira
 - Abanyeshengero banyu bazobizigira mu gufata ibibazo binini

vy’amafaranga menshi.

2. Muzokwirinda ingorane zikomeretsa zihambaye
 - Satani ntazoshobora kubagerageza
 - Ukwikunda ntikuzobafata
 - Muzoguma mugororotse kandi muri akarorero keza k’ubusho bganyu
3. Muzokwiga ico ubushobozi bg’Imana bushobora gukora
 - Muzobona ikiganza ca mbere uko Imana iteganiriza igikenewe cose canyu
 - Muzotezimbere ubgizigirwa mu masezerano yiwe
 - Muzokwiga kurondera Imana ubga mbere

«Mubanze kwitwararika ubgami b’Imana no kugororoka kwayo, niho ivyo vyose muzovyongerwa» **Matayo 6:33**

UMWIMENYEREZO WO GUHAGARARIRA AMAFARANGA

Tondesha ibintu kugeza kw'icumi ushobora gukora uno musu mu gutezimbere ubushinguzi bgawe bg'amafaranga.

1. _____
2. _____
3. _____
4. _____
5. _____
6. _____
7. _____
8. _____
9. _____
10. _____

Igihimba ca 11

UGUKORESHA UMWANYA

«... kand'' umutima w''umunyabgenge utahura ko hazoba igihe n''imanza, kukw''ibaho cose kigira igihe caco n''urubanza rwaco» **Umusiguzi 8:5-6**

Nta rubanza ku mwuga wanke ku muhamagaro ku umwe wose muri twebge ahitamwo canke arongorwa, twese tugerageza kurangura intego nyinshi hamwe n''ubutunzi n''igihe dufise imbere yacu. Kandi mu gihe ubutunzi bginshi burashobora kugurwa canke kuronkwa, umwanya ni ubutunzi bumwe budashobora kugurwa canke bguzurizwe. Igihe rimwe umwanya ugiye, uba ugiye ntugaruka. Ntushobora gusubira kuwukoresha kandi ntushobora kwongera kuwunguka. Aho rero dutegerezwa kuba maso uko twakoresheje umwanya wacu n''ukwo tuwukoresha. Ntitumenya kandi mbega dufise umwanya ungana gute muri rusangi wo gukoresha. Kuva ata numwe muri twebwe azi igihe umwami azoduhamagara muhira iwe, ni ingirakamaro cane ko dukora umwanya munini twahawe kandi tuwukoresha nkabanyabwenge. Ibitabo vyinshi vyaranditswe ku kurongora umwanya, tumeze nkababaha incamake y''ivyabonywe ku ngingo zimwe zimwe n''ingiro bizobafasha kurongora umwanya wanyu neza kurushiriza. Muri iki gihimba tuzoraba akamaro ko kurongora umwanya, ingingo zimwe zokurongora umwanya, ukuntu worongora umwanya wawe, no guteganya ibikoresho bibiri vyo gutunganya umwanya w''ukuri.

I. Akamaro k''ugutunganya umwanya wawe

1. Kagufasha kurangura ibango ry''igikirwa cawe kurushiriza

- Kagufasha kurangura ico washinze hanze gukora
- Kagufasha kwibanda ku gikorwa ngirakamaro cane
- Umwanya wawe ukoreshwa neza kurushiriza, ugwiza umwimbu mwiza cane.

2. Kazokwirinda kwonona umwanya

«Nuko mwirinda cane uburyo mugenda, mwoye kugenda nk''imburabgenge ariko mugende nk''abanyabgenge, mugura uburyo mubugwiza kukw''imisi ari mibi «**Abanyefeso 5:15-16.**

- Ntukoreshe umwanya w''ikirenga mu gukora ibikorwa vy''uburenganzira bgo hasi.
- Uzomenya umwanya ataco wimbura
- Ntuzokwonona umwanya mu gufata ingingo z''ico wokora gikurikira.

3. Bizogushoboza kwubahiriza ibihe bishinzwe vy'ingirakamaro vy'ibikorwa n'ntego yavyo.

- Bizotuma witaho ikirangamwanya n'ibihe bishinzwe utazorenzako
- Bizogushoboza amajambere arama atumbere ku ntego
- Bizozigama ibikorwa vyawe biteguwe kandi vyahawe uburenganzira.

4. Bizogufasha kugabanya uburuhe bg'akazi

- Bigabanya ukwiganyira kwo kubura ikintu ngirakamaro
- Biguhe ugusuzuma kwinshi ku bikorwa na porogarama
- Bikurekurira kugira umwanya w'ukunezerwa n'ukuruhuka
- Reka tugende kandi tureke Imana yikorere

«Uhwekerere imbere y'Uhoraho, umurorere wihanganye» **Zab . 37:7**

«Ni mwisigireho, mumenye kw'ari jewe Mana» **Zab. 46:10**

5. Kakurekurira umwanya wo kwisanzura igihe ukeneye

- Kagushoboza gufata neza ingorane z'igihe gito
- Kakwemeza ko ibibazo vy'uburenganzira bifatana n'umwanya ugezweho.

II. Ingingo z'uburongozi bg'Umwanya

«Ivyo ubishire k'umwete, uvyamemwo, kugira ngo kuja imbere kwawe kubonekere bose» **1 Timoteyo 4:15**

1. Shira imbere ibikorwa vyawe

- Ukurikije akamaro kavyo
- Ukurikije igihe bikeneye gukorwa
- Ukurikije ukuvyinjiramwo kwawe

2. Shinga intego runaka

- Igihe igikorwa gikeneye gukorwa
- Ni umwanya ungana iki wo guha igikorwa
- Ninde akeneye gukora igikorwa

3. Gushira ibikorwa bisa hamwe

- Gushira ibikorwa hamwe mu kwubaka ugukora neza
 - Uguhamagara na telephone, gutuma amakete
 - Inama z'uguhanura
 - Ugutegura insiguro n'inyigisho
 - Amakoraniro

- Ntusimbe uva mu bgoko bumwe bg'igikorwa uja mu kindi
 - Ushobora gusanga watakaje intumbero
 - Ushobora kwibagira ico wamazze gukora
 - Uzokwonona umwanya muke mu bihindutse
 - Umwanya mwinshi utakara igihe dutangura igikorwa kimwe ku kindi
 - Igihe kimwe watanguye inzira yo gukora nivyiza k'ubandanya gukora.
4. Gutegura ingingo zawe ku musi ku musi
- Gucereza ingingo zishobora gukorwa hanyuma
 - Gutuma ingingo ku bandi bishobora kuba vyiza
 - Gufata ingingo ku bibazo bikeneye ingingo yawe bgite
5. Gushigikira ukworoha kw'iporogarama yawe yo ku musi ku musi
- Ntukore porogarama yugaye ikora ku munota wose
 - Rindira ko ibitarashika kuza bize kandi vyinjira muri porogarama yawe.
 - Emera umwanya wakaruhuko n'ibifungungwa
 - Emerera Imana umwanya wo guhindura uburenganzira bgawe canke porogarama
 - Biciye mu gihe gishasha c'ibango
 - Biciye mu ntumbero nshasha
6. Kwakira ivyitamwo biza n'ingoga
- Ntukemure ivyitamwo bishobora gukemurwa hanyuma
 - Umviriza ingorane kandi ufate ingingo zo gucereza, gutuma canke gufata ingingo
 - Niba ushobora gufata ingingo yihuta, bikore, ariko bandanya igikorwa.

III. Ni gute wakoresha umwanya wawe?

1. Gutegura umusi wawe
- Gira urutonde rw'ivy'ukora
 - Kuranga ibitegerezwa kurangizwa uyu musi
 - Kuranga ibitegerezwa gukorwa uyu musi
 - Kuranga ibitegerezwa gufatirwa ingingo uyu musi

Kuranga ico cose ushaka gukora uyu musi niba umwanya ubonetse

Ube washinze neza intego n'uburenganzira

 - Kumenya ic'ingira kamaro kuruta
 - Kumenya n'intego izihe uriko urakora uraba
 - Kora ibintu vy'ingirakamaro ubga mbere
 - Tegura uturuhuko tugufi-Umubiri wawe n'ivyiyumviro bikeneye akaruhuko ku mwanya

- Tomora umwanya wawe wimbuka kurushiriza, kora ibintu vy'ingira kamaro kurushiriza.
 - Ntufate ingingo ngirakamaro z'ukuri mu mpera z'umusi igihe urushe
 - Tanga porogarama y'ibikorwa vy'agaciro gato mu bihe vy'inguvu nke.
2. Kuba umunyamwimbu
- Hamagarira hamwe mu mwanya umwe
 - Kugira umwanya udacika w'ugutegura ukwiga n'insiguro
 - Kwirinda gusamazwa n'ibibazo bitari ngombga canke amatati
 - Gukora icategerezwa gukorwa uyu musu
3. Ntute umwanya ku bintu abandi bashobora gukora
- Gutuma ku bandi barongoz, niba bishoboka
 - Kwirinda gukora ibintu abandi bategerezwa gukora bitari bikenewe.
 - Hariho umugani wa kera : «Girira neza umuntu kandi bivamwo akazi kawe»
(Utuntu dutoya ukorera abandi dushobora kuvamwo akamenyero k'imisi yose canke inshingano izogorana guhagarika)
4. Kurongora amakoraniro y'ukuri
- Gushiramwo ukwitanga n'isengesho vyo kukurongora
 - Gutegura ajenda imisi yose
 - Kwirinda uguharira ibirimwo atari kuri ajenda
 - Kubera kw'abantu batiteguriye guharira ikibazo
 - Kubera ko batamenyereye ico boba baharirako
 - Hagarara kuri ajenda no ku mwanya ugezwe
 - Vugana gusa ivyiyumviro no ku vyashinzwe bishobora gufatirwa ingingo.
 - Ntuharire ku vyavuganywe kiretse ushaka kwegeranya ivyinjije
 - Uzofasha ikoranano kuguma ryibanda ku vyavuganywe bikuru
 - Bizoshoboza ibiharirwa kurongora gufata ingingo
 - Gutanga ivyemezo
 - Bituma umwe wese mw'ikoranano yumva ko bimuraba.
 - Ivyavuganyweko, ingingo zafashwe, n'ivyemeranijwe biciye mu cegeranyo c'inama.
 - Icegeranyo c'ivyahaririweko
 - Icegeranyo c'ivyafatiwe ingingo
 - Icegeranyo c'ivyemezo abantu bemeje

IV. **Ibikoresho bibiri vy'ukurongora umwanya w'ukuri**

1. Gutegura ikirangamwanya
 - Gikoreshe mu gucira inzira umwanya wawe mu ndwi.
 - Kiragufasha kwihweza aho umwanya wawe wakoreshwe
 - Kirashobora gukoreshwa mu gutegura iporogarama yawe y'indwi.
2. Kugira urutonde rw'ivyo gukora
 - Rugufasha kwitegurira umusi wawe, indwi yawe canke ukwezi
 - Uzoronka igikorwa ngirakamaro c'ibango gikozwe ubga mbere
 - Igufasha kwirinda kwibagira ibikorwa ngirakamaro hamwe n'inshingano

UMWIMENYEREZO WO GUKORESHA UMWANYA WAWU

Koresha integuro y'umwanya ku ndwi y'aha musu kandi uzibire umwanya uzi nk'imisi y'ikiruhuko kwiga Bibiliya, ugutegura insiguro, ugusenga mu ndwi etc... ku ndwi ikurikira. Umwanya usigaye urashobora kwuzuzwa ukurikije ibikenewe ufise.

	Kuwa mbere	Kuwa kabiri	Kuwa gatatu	Kuwa kane	Kuwa gatanu	Kuwa gatandatu	Kuwa mungu
8:00 Am							
8:30							
9:00							
9:30							
10:00							
10:30							
11:00							
11:30							
12:00							
12:30 Pm							
1:00							
1:30							
2:00							
2:30							
3:00							
3:30							
4:00							
4:30							
5:00							
5:30							
6:00							
6:30							
7:00							
7:30							
8:00							
8:30							
9:00							
9:30							

AKARORERO KO GUKOresha UMWANYA WAWE

	Kuwa mbere	Kuwa kabiri	Kuwa gatatu	Kuwa kane	Kuwa gatanu	Kuwa gatandatu	Kuwa mungu
8:00 Am		gutelefona		Ukwiga Bibiliya		Umuryango	
8:30		gutelefona		Ukwiga Bibiliya		Umuryango	
9:00		Ibiri		Ukwiga Bibiliya		Umuryango	Gusenga
9:30		Ibiri		Ukwiga Bibiliya		Umuryango	Gusenga
10:00		Ibiri				Umuryango	Gusenga
10:30		Ibiri				Umuryango	Gusenga
11:00							Gusenga
11:30							Gusenga
12:00	Gufungura		Gufungura	Gufungura	Gufungura		Gufungura
12:30 Pm	Gufungura		Gufungura	Gufungura	Gufungura		Gufungura
1:00				Kugendera abantu			
1:30				Kugendera abantu			
2:00			Gutegura insiguro	Kugendera abantu			
2:30			Gutegura insiguro				
3:00			Gutegura insiguro				
3:30			Gutegura insiguro				
4:00							
4:30							
5:00	Gufungura	Gufungura		Gufungura	Gufungura		
5:30	Gufungura	Gufungura		Gufungura	Gufungura		
6:00							
6:30							
7:00		Ikoraniro					
7:30		Ikoraniro					

8:00		Ikoraniro					
8:30							
9:00							
9:30							

Igihimba ca 12

UGUHAGARARIRA AMAKURU

«Abanyabgenge baziganya ukumenya» **Imigani 10:14**

Imwe mu masokō akomeye arabgako mw'ishengero ni amakuru. Iyo ishobora kuba amakuru ku banyeshengero canke amakuru yerekeye amabango yayo, ibikorwa canke ubutunzi buriho. Hariho ubutunzi bg'amakuru buriho kudufasha gukora ibango twahamagariwe kandi ni ingirakamaro kumenya aho aya makuru ari canke uko yoshikirwa. Amakuru ategerezwa kuba yegeranijwe kandi yanditswe n'ishengero canke amakuru ku banyeshengero bayo n'ibikorwa vyayo canke ingabirano etc... Ayandi makuru ahari ubu kuri internete canke mw'isomero ry'ibitabo canke mu mangazini y'ibitabo. Kugira dushikire amakuru dukeneye mu gihe c'ubu, dutegerezwa kuyaronka ubu vyihuta aho ari canke kumenya aho tuyaronka. Iyo ni inzira yo guhagararira amakuru. Inyabgonko yinjira mu kiganza cane gukora ivyo; ariko ntukeneye inyabgonko yo kubika amakuru. Urashobora gukoresha ubundi buryo bushobora kuba buboneye. Muri iki gihimba tuzoraba akamaro k'uguhagararira amakuru, ingingo zimwe zimwe zo guhagararira amakuru kandi ni gute woyegeranya no kuyazigama kw'igikoresho c'ibango rya Kazoza.

I. Akamaro ko guhagararira amakuru

«Uwitonda wese akorana ubgenge» **Imigani 13:16**

1. Kungura ubumenyi bgawe bg'ubutunzi ufise imbere yawe
 - Amakuru ku ngabire za Mpwemu n'ububangutsi bg'abanyeshengero bawe
 - Amakuru ku yandi masoko y'ishengero (ibitabo, videwo, ivyigwa vya Bibiliya etc...)
 - Amakuru ku bikorwa vy'ishengero n'amabango (ninde, mbega, kandi hehe)
2. Kazokurinda kwonona umwanya no kurondera amakuru
 - Ntuzokoresha umwanya w'ikirenga urondera ivyegeranyo
 - Uzomenya uwo uzogendako ku bikenewe runaka
 - Ntuzotegerezwa kubaza abantu mu kuronka amakuru ukeneye.

3. Kazogushoboza gufata neza ingingo
 - Ingingo niyo makuru gusa ukwiye guhagararako
 - Kugira amakuru ariho ni vyiza mu gihe bikenewe
 - Kumenya ni vyiza imisi yose kuruta guhwihwisha
4. Ni ngombga ku nteguro nziza
 - Umugambi niyo nkuru nziza gusa gashimikiyeko
 - Amakuru adashemeye arongorera ku mwimbu udashemeye
 - Ntushobora kugira umugambi ico utazi
5. Kagushoboza kuraba uburyo kw'ibango
 - Kumenya ico ufise kiriho bigufasha kurema ikintu
 - Kagushoboza gukurikirana ibishoboka vy'ibango
 - Bihagaze ku bumenyi bg'ingabire n'umwete w'abanyeshengero bawe.
 - Bihagaze ku bumenyi bg'ingabire n'umwete w'abanyeshengero bawe.

II. Ingingo z'uguhagararira amakuru

«Gendana n'abanyabgenge nawe uzogira ubgenge» **Imigani 13:20**

1. Kwegeranya no kuzigama amakuru vyonyene ugomba canke ukeneye.
 - Amakuru akenewe ku ngingo
 - Amakuru akenewe mu kugendesha ishengero
 - Amakuru akenewe mu gufasha abanyeshengero kuronka igikorwa cabo mw'ishengero.
2. Kumenyeshya amakuru ku mushinge igihe cose
 - Amakuru igihe kinyaruka kandi hamwe hamwe asohoka ku mataliki
 - Gutezimbere inzira zo gucakira amakuru
 - Impapuro z'abatonda mu kilasi
 - Impapuro z'amakuru z'umunyeshengero mushasha
 - Gukoresha abarongozi b'ishengero kwegeranya amakuru
 - Abatonda mw'ibango
 - Umwimbu w'ibango, ibikorwa
 - Gukoresha urupapuro rugezweho rw'umwaka ku banyeshengero
 - Guhindura adresi
 - Nimeru nshasha za telephone; imeili adresi
3. Gukingira amakuru y'umuntu
 - Ntutangaze canke kwandikisha amakuru y'umuntu vyibuze umunyeshengero avyemeye.

- Kubika mu kabati kugaye
 - Kuzigama mu bgizigirwa
4. Kubika amakuru gurtyo ashobora gushikirwa vyoroshe
 - Mu gukora (rukoyi, intumbero, ugukoresha etc...)
 - Mw'ibango
 - Kw'izina ry'umunyeshengero
 5. Kugira umugambi wo gukoresha amakuru
 - Ntukarondere amakuru atagira umugambi uyakoresha
 - Kumenya intumbero ku bgoko bgose bg'amakuru yegeranijwe
 - Niba utayakeneye, ntuyegeranye canke uyabike
 6. Guhagararira amakuru
 - Ntiwemere amakuru yegeranijwe canke yabitswe
 - Zigama ayo kugera iki gihe
 - Subiramwo igihe cose ibikenewe vyatanzwe

III. Uko wohagararira amakuru

1. Tomora amakuru ushaka canke ukeneeye
 - Abanyeshengero
 - Ibikorwa vy'ishengero
 - Ubutunzi bg'Ishengero (ibitabo, ivyuma, ibikoresho etc...)
 - Ubutunzi bg'abantu (amahoteli, inzu z'amanama etc...)
2. Kwegeranya no kubika amakuru y'abanyeshengero
 - Amazina yabo adrese (telefone, imeyile zabo)
 - Ingabire za Mpwemu zabo
 - Ubumenyi bgabo n'ukumenyera kwabo
 - Ibikorwa vyabo vy'ishengero n'ukumenyana
3. Kwegeranya no kubika amakuru ku bikorwa vy'ishengero
 - Ugutonda gusenga
 - Ikilasi c'ukwiga Bibiliya
 - Ugutonda kw'umurwi mutoya
4. Gutezimbere umugenzo wo gutegura no kutora amakuru runaka
 - Ni hehe amakuru abitswe (inyabgonko canke idosiye)
 - Ibibanza vya internete ikoresha

- Ni nde afise amakuru
5. Gutezimbere umugambi wo gukoresha amakuru
- N'ayahe makuru yo kwegeranywa
 - N'iyihe ntumbero iriho ku bgoko bgose bg'amakuru
 - Ni nde segaba wo kwegeranya amakuru
6. Gushinga umuntu uburenganzira bgo guhagararira amakuru
- Ukwegeranya amakuru kurabandanya
 - Ateganya isoko rusangi ku makuru yose
 - Ashoboza integura ikwiye n' ugushigikira ico gikorwa

